

489

489

F D
Kar
W

Hargana f 0.35

Sonda.

WAWATJAN

DJAKASOENDANG

KARANGANANA

MAS KARTADIMADJA.

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR

KALOEARAN
BALE-POESTAKA



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

O
31/3-52



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

Serie No. 489

S_s

Hargana f. 0.35



WAWATJAN DJAKASOENDANG

KARANGANANA

MAS KARTADIMADJA.



KALOEARAN COMMISSIE
VOOR DE VOLKSLECTUUR
1921.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN.

EDUCRO UIT.V.



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

c. 1439/68



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

PIHATOER NOE NGARANG.

Rehna noe ngarang ieu boekoe djadi pangoeroes boekoe-boekoe bibliothEEK abdi-abdi, djadi tērang katjida kana boekoe-boekoe noe dipikarēsēp koe abdi-abdi di tēmpat noe ngarang ieu boekoe dina mangsa ajeuna, nja eta wawatjan-wawatjan njaritakeun kagagahan kasaktian noe baheula.

Koe lantaran kitoe ieu ngahadja midamēl wawatjan njarioskeun noe baheula noe garagah sarēng sarakti, tapi ditoengtoe-
ngan koe panoengtoen soepaja djadi rēsēp matja boekoe-boekoe noe sedjen, noe pihasileun sarta sangkan oelah pērtjaja teuing kāna kagagahan kasaktian noe baheula atanapi kana roepaning painohalan.

Kopo, 9 Mei 1914.

BAKTOSNA •NOE NGARANG.





Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

WAWATJAN DJAKASOENDANG.

1. Asmarandana.

1. Kasmaran boeboeka dangding, loemajan keur pangbēbērah, nambahan ngoeloewoet hate, dina reureuh pagawean, tinimbang lalamoenan, ngadjēntoel ngahoeroen-baloeng, anggoersi matja wawatjan.
2. Atawa lamoen ti peuting, memeh nēpi ka sēdēngna, waktoe noe dipake sare, hade moen matja wawatjan, tjarita noe baheula, loba noe matak kajoengjoen, matak rēsēp matak heran.
3. Tapi wēkas noe ngadangding, ka boedak masih djadjaka, poma oelah rek sabongbrong, ditampana sahinasa, saktina noe baheula, bisa nēroes boemi ngapoeng, hēnteu teurak koe pakarang.
4. Eta teh kawas moestail, pikeun djalma ajeuna mah, da koedoe reudjeung parabot, ngapoeng koedoe aja djangdjang, nēroes boemi ka handap, njoeloedoek tjara woeloekoe, koedoe reudjeung parabotna.
5. Djēlēma djaman kiwari, nja aja noe ngawang-ngawang, geuning marake parabot, nja eta kapal oedara, atawa balon tea, moenggoeh djalma djaman boehoen, taja bedja pakakasna.
6. Dēmi noe pērloe ditilik, pantēs lamoen ditoeroetan, koe noe djaradjaka keneh, dina kasabaranana, tawēkalna tēmēnna, koemawoelana ka ratoe, toehoe taja papadana.
7. Dibelaan mandi gētih, teu njaah ngaboeang njawa, lamonna tatjan kalakon, tēgēsna tatjan laksana, moen dioetoes koe radja, nadjan mangtaoen-mangwindoe, teu wēleh moen 'tjan laksana.
8. Kitoena mah tēgēs wadjib, koe oerang ditaroeroetan, sabab toehoe adat hade, noengtoen kana kaslamētan, djeung kana kamadjoean, da moenggoeh gēraking ratoe, eta teh teu aja lian.
9. Ngan salamēt abdi-abdi, sarta hardja nagarana, rehe patjoegrag-patjogreg, sēpi paling langka bangsat, rampog mah soemawonna, saliring-liring rahajoe, toer moerah sandang djeung pangan.
10. Tah kitoe noe djadi adji, noe dimanah salawasna, taja pisan pētotna teh, saintjakna sarengkakna, salamēt noe dipalar, marga oerang koedoe toehoe, soemoedjoed doenja aherat.
11. Dēmi pokō noe digoerit, aja sahidji nagara, Madjapait geus kasohor, ari noe djoemēnēng radja, dina mangsa harita, katjēloek ka awoen-awoen, djēnēngan Sang Brawidjaja.

12. Brawidjaja noe mimiti, kagoengan sahidji poetra, istri n̄galenggereng koneng, geulisna kabina-bina, langka pantarana-na, noe geulisna tjara kitoe, djangkoeng leutik ngalampanjat.

13. Koelit lir ēmas sinangling, taar lir boelan toemanggal, halisna djeg djēler paeh, kadoe sapasi damisna, sotja tjoereuleuk tjekas, pangamboeng lir koewoeng-koewoeng, waos bodas tinggoerilap.

14. Ramboet pandjang nēngah bitis, poendak lir taradjoe ēmas, tenggēkna miroepa golek, panangan kaja gondewa, angkeng lengkeh katjida, wēntis lir djaksi sadjantoenig, maroet-tjoek eurih ramona.

15. Gēntra mentjrang tatag manis, seep bae wirasatna, matak kabongroj noe nendjo, matak kagēndam noe ningal, komo bangsa satria, pada koemērot aroeroej, tinglalēnjap dīro manahna.

16. Keur geulis tambah bērboedi, seukeut mamanahanana-na, ka noe roepat-rēpit mongplong, taja kapetolanana, tabah tata basana, anggah-oenggoeh anggon ratoe, tēdak kaprameswarian.

17. Kana karadjinan tapis, nēpa ngabatik ngarenda, njoelam njongket djeung ngabordel, soemawonna olah-olah, taja pisan poegagna, tēgēsing poetri pinoendjoel, taja babandinganana.

18. Djēnēngan Kantjarawati, Sang Radja asih katjida, dioegoeng-oegoeng diēnod, reuaj ēmban pangatikna, katjatoerkeun joeswana, ēnggeus gēnēpwēlas taoen, sēdēng ngangkat birahina.

19. Tapi nadjan kitoe poetri, taja pisan badiana, djaoeh basa olo-clo, soemawonna koemagoengan, handap asor tindakna, reng-kakna ampoeh toer loenggoeh, tēgēs pangiroet nonoman.

2. Sinom.

20. Kotjap dina hidji mangsa, di nagara Madjapait, koempoelan para ponggawa, patih djaksa para mantri, prasatria teu kari, para gēgēdoeg teu kantoen, djago-djago djalagrag, andēlan deudeul nagari, hempak bajak ngadeuheusan ka Sang Radja.

21. Anoe tjilik pangpajoenna, pandita djeung Raden Patih, djedjer djeung doea satria, kaponakan Sri Narpati, keur sareng birahi, sarta toehoe matak loetjoe, dēmi djēnēnganana, noe tjikal Koeda Pangrawit, noe kadoea Koeda Sēmbagi nēlahna.

22. Eta satria noe doea, sarigitna taja tanding, endahifa langka pantarna, lenggik ramping ngadjalantir, katambah koe bērboedi, keur loetjoe pinoeh koe elmoe, kasakten kawēdoekan, kagagahan hēnteu kari, hingga bisa mantjala poetri djeung poetra.

23. Tēgēsna mantjala poetra, kalawan mantjala poetri, bisa mindah-mindah roepa, bisa djadi aki-aki, atawa djadi istri, bisa gēde bisa lēmboet, miroepa sasatoan, djeung miroepa tangkal kai, ganti roepa sapanjipta sakahajang.



24. Estoening lalanang djagat, sakti manggoelang-manggeling, satjiptana tinékanan, saliring-liringna djadi, tjek basa noe kiwari, djalma satoedoehna métoe, sakétpap-kétpap njata, ginoelceran koe Dewadi, wantoe poetra adjar noe géntoer tapana.

25. Adjapait Gembong Pasoeroean, rakana Sang Madjapait, malah sadjaba ti eta, poetrana teh doe deui, sarta sami sarigit, toenggal rama misah iboe, tétèp di Pasoeroean, di patapan Maha Rési, anoe tjikal djénengan Raden Oedara.

26. Noe kadoea katélahna, Djajaséntika raspati, eta poetra doeana, koe rama Sang Maha Rési, énggeus pada diwangsit, baring-soepagi ka pajoen, koedoe ngadareuheusan, ka Sang Radja Madjapait, bari neang ka raka-rakana tea.

27. Sigép poetra Sang Pandita, tjarita balikan deui, sabappa ngadép koempoelan, di nagara Madjapait, reh harita Sang Adji, katjoendoekan koe tatamoe, Radja ti Balangbangan, noe kasohor gagah sakti, katélahna Mah Radja Djakasewaja.

28. Eta Ratoe Balangbangan, pang soemping ka Madjapait, kersana bade rendengan, ka Poetri Kantjanawati, reh dilamar geus lami, toer geus pada rémpoeg goejoeb, tapi saestoenan mah, manah Radja Madjapait, koerang tjotjogmantoean ka Balangbangan.

29. Sabab Ratoe Balangbangan, djeung Nji Poetri lain tanding, roepana meh djiga boeta, djangkoeng loehoer ngadioeng-kiring, biwirna ge djaréding, mata beureum iroeng mantjoeng, toeroeg-toeroeg adatna, beda djeung di Madjapait, ana dahar djeung gorengan oraj kadal.

30. Atawa gorengan lalaj, goreng hileud goreng beurit, sagala sato didahar, anoe gede anoe leutik, kitoe pangna Sang Adji, koerang tjotjog moeloeng mantoe, Nji Poetri soemawonna, teu tjotjogna liwat saking, malah-malah Nji Poetri dina manahna.

31. Lamoenna rek keukeuh maksaa, tangtoe bakal něwék diri, ajeuna oge andjeunna, tara kersa bidjil-bidjil, noempi di kamar sépi, keur ménékoeng ka Noe Agoeng, neda oelah někanan, lakan ka lain tanding, lamoen keukeuh moega sing aja halangan.

32. Dëmi noe matak ditampa, koe Sang Ratoe Madjapait, eta Ratoe Balangbangan, reh kasohor gagah sakti, beak manahna risi, sieun nagara diroeroeg, tanwande djadi roeksak, Madjapait boerak-barik, eta kitoe marga panglamar ditampa.

33. Lantaran kitoe manahna, Maha Radja Madjapait, djadi Ratoe Balangbangan, sasoemping ka Madjapait, moal dilamilami, baris ditikahkeun téroes, tapi samemehna prak, gémpongan heula pramantri, pikeun ngatoer pétna atoeran pesta.

34. Pada baroga tjangkingan, para mantri masing-masing, anoe njangking karasmenan, anoe njangking sangoe kopi. anoe sawareh deui, poerah ngadjaga tatamoe, Koeda Pangrawit tea,

djeung rai Koeda Sembagi, kabénérkeun kana ngadjaga kapoetran.

35. Dibeuratkeun koe Sang Radja, bisi djoerig njiliwoeri, bisi setan ngarantjana, atawa bangsat rek maling, maling banda Nji Poetri, sipat teuas sipat njamoe, soemawon moen satria, asoep miloe njiliwoeri, baris ngiwat barang noe djadi sengkéran.

36. Koeda Pangrawit doeaaan, djeung rai Koeda Sembagi, geus tarétep di kapoetran, ngadjagana ati-ati, nadjar dina saménit, henteu panganggoeran ngantoen, oepama sasarean, koedoe bae piligénti, tara pisan ninggal tempat babaréngan.

37. Sigeugkeun heula sakédap, aja noe katjatoer deui, Pandita di Goenoeng Pandjang, djénengan Bandjaransari, kagoengan postra hidji, pamégét salira moeloes, wanda gandañg pertjeka, ginding kapirig barani, ana njaoer gantawang tañag tjapetang.

38. Gandang loba pangabisa, ginding pinoeh koe pangarti, wantoe poetrana Pandita, dipérdihna ti leuleutik, dipérih sangkan mikir, mikir soegri pangaweroeh, kasakten kadigdjajan, ngapak ngapoeng neroes boemi, mindah warna ngaleungit djeung njatohewan.

39. Toeroeg-toeroeg nganggo djimat, gélap ampar leuwih matih, dina tjidoeh dianggona, bangsa manoesa djoerig djin, moen ditjidoohan pasti, awakna ngarasa adjoer, malah lolobana mah, noe misan sama sakali, koe matihna eta djimat gélap ampar.

40. Katjatoer djénenganana, eta postra Maha Rési, Raden Djakasoendang-moelja, keur sédeng ngangkat birahi, manis titih rëspati, oemoer toedjoehwëlas tahoen, randa landjang kagéndam, loba noe ngabëloet leutik, ngoentit-ngoentit kairoet koe mamanisna.

3. Dangdanggoela.

41. Raden Djakasoendang anoe manis, geus oeninga ka Sang Brawidjaja, Ratoe di Madjapait teh, jen keur rame tataloe, rek nikahkeun Kantjanawati, ka Ratoe Balangbangan, manahna handjëloe, poetri sakitoe geulisna, didjodokeun ka djélëma djiga djoerig, énja ge djadi radja.

42. Mana teuing manahna Nji Poetri, tjarogeane ka noe djiga boeta, awak ngadjoengkiring gëde, bolotot iroeng mantjoeng; boeoek gimbal biwirna djëding, toeroeg-toeroeg adatna, mahiwal ti batoer, sok ngadahar beurit kadal, oraj lalaj soegri sato gëde leutik, eta teh sok didahar.

43. Eta deui Ratoe Madjapait, naha k'erang témén pamilihna, boro bae Ratoe sohor, mashoer ka awoen-awoen, kawéntar-

keun ka mana-mëndi, sabar adil plamarta, toer teu koerang pa-moek, di Madjapait mo ngoejang, satriana loba anoe ngadjalantir, pantës keur mantoe Radja.

44. Na teu milih Si Koeda Pangrawit, eta lajak keur minantoe Radja, patoet aloes dëdëg sampe, djeung Poetri noeroebtjoepoe, anoe kasep meunang noe geulis, tangtoe sapapandjanga, loeloes mo pagëetroek, toer pamilihna sorangan, moal kagok ngaratoe di Madjapait, djadi ganti manehna.

45. Sanggeus ngoepat Djakasoendang manis, ka Sang Radja Madjapait tea, reh miloe bangët teu tjotjog, toeloej bae mënë-koeng, mikir-mikir akal noe lantip, sangkan Nji Poetri tea, rerdengan teu toeloses, teu lila ènggeus kamanah, taja deui akal noe baris ngadjadi, ngan koedoe ditépoengan.

46. Hidji peuting Djakasoendang giñding, ngagandeuang mangkat ti patapan, angkat gandang wantoe gondjleng, toer pinoeh koë panëmoe, sëmoe taja pisan karisi, dangah djeung heheotan, sindjangna ngëdëproek, *geroesan* lalajoe sëkar, oedëng solo batik sisi adoe manis, bëndo tëdak ka-*Djogjan*.

47. Moen ditilik ti gigirna lënggik, moen ditingal ti toekanga lëndjang, diteuteup ti hareup komo, sieupna beak moetoeh, moen ditilik disidik-sidik, wandana Djakasoendang, teu beda saramboet, djeung Sang Ratoe Mefalaja, djaman boedjang samemeh djadi Narpati, keur nëlah Arajana.

48. Poekoel tiloe Djakasoendang soemping, ka kapoetran Madjapait tea, noe këmit tibra sarare, Koeda Pangrawit soewoeng, harita teh eukeur ka tjai, noe aja ngan raina, tapi keur moeroengkoet, koelëm sëdëng lëlëjëpan, hënteu ngira baris aja bapa maling, rek ngiwat sësëngkëran.

49. Bapa maling mandjing djëro poeri, reudjeung sënang angkat ngadaleungdang, teu malire noe keur sare, maroek taja noe toenggoe, poegoeh aja noe eukeur këmit, koe tina balangagna, noe këmit kapagoet, palëbah sampeanana, ngagoeroeboeg tjëngkat bari alak-ilik, ka hareup djeung ka toekang.

50. Sanggeus sidik aja noe rek maling, geuwat bae dioedag ditewak, maling loempatna kadjëro, hantëm disoesoel-soesoel, maling rikat meh teu katëpi, anoe ngoedag digdjaja, toengtoenga gok tëpoeng, gabroe dirontok teu tata, gér galoengan sili-sered silikeumbing, silipotongkeun iga.

51. Tapi sami taja anoe sisip, sabab rongkah saroea rongkahna, djadi gëloet beuki pogot, prabot boemi brang-brangbroeng, paboerantak ka mana-mëndi, kadoepak noe patëlak, tidinja gér goejoer, iboer djalma di nagara, tinggarëro bëpa maling-bëpa maling, brëg digimboeng koe balad.

52. Djakasoendang barang ret ningali, loba balad ngaboeaja mangap, ka manehna rek ngarentog, ngageuwat ngëdjet naga-poeng, tapi lain koe sabab risi, ngan koe timbangana, moal

hade teroes, ngaroeksak ka balad-balad, leuwih hade manan madjoe anggoer njingkir, ngarah disaroesoelan.

53. Bawa rasa moal saha deui, noe dipérih pati koe Sang Radja, baris nangkép ka aing teh, ngan Si Pangrawit woengkoel, hiap maneh Koeda Pangrawit, moen énja sia gagah, aing geura soesoel, kitoe pokna Djakasoendang, tjéloek-tjéloek nangtang ka Koeda Pangrawit, ti loehoer awang-awang.

54. Toenda heula Djakasoendang maling, noe geus aja dina awang-awang, kotjap deui di kapoetren, balad hiboet tagiwoer, enkeur nangkép poen bapa maling, roeprap pada njangkalak, teroes ditambaloeng, nja Koeda Sembagi tea, ditérkana koe balad eta noe maling, da ngan eta noe aja.

55. Hénteu njaho noe maling sadjati, jen geus ngédjat ngapoeng ngawang-ngawang, da poegoeh nangkép keur poëk, sanggeusna ditambaloeng, koe pérdoerit Koeda Sembagi, isoek-isóek dibawa, ngadeuheus ka Ratoe, Koeda Pangrawit teu tinggal, katempoohan sabab manehna noe këmit, dipértjaja koe Radja.

56. Isoek-isoek Radja geus tjaralik, di paseban ngarendeng doeaan, djeung Ratoe Balangbangan teh, balad hempak di pa-joen, kërsa ngérol poen bapa maling, teu lila djéboel datang, noe beunang nambaloeng, nja Koeda Sembagi tea, djeung Pangrawit diiringkeun koe pérdoerit, sëmoena mësoem pisan.

57. Den Sembagi reudjeung Den Pangrawit, dipariksa koe Sri Maha Radja, dawoehanana Sang Katong, nahe maraneh kitoe, ngawiwigang témén ka kami, lanjap ngoenghak tjam-pélak, kawas noe baroeroeng, dipértjaja saënjana, ahirahir maraneh njarieun roedjit, kami beak teu soeka.

58. Kawas maneh djalma tatjan ngarti, saha-saha noe ngorang larangan, meunang hoekoeman eta teh, komo moen lampah kitoe, morong ka noe djadi Boepati, beurat hoekoemanana, tangtoe hoekoem gantoeng, Radja Blangbangan nambalang, ia-ia Kangdjéng rama eta pasti, Sembagi dipaahan.

59. Doeanana reudjeung Si Pangrawit, moen teu kitoe kang poetra teu soeka, hajoh rama geura potong, Sembagi enggal matoer, lengas-lengis sëmoe noe tjeurik, Goesti moegi hampoera, abdi toehoe estoe, teu roemaos pisan-pisan, gadoeh dosa nja-loentang ka Dampal Goesti, doepi noe sajaktosna.

60. Wéngi tadi aja bapa maling, anoe lëbët ka djëro kapoetran, koe abdi enggal diboro, loempat disoesoel-soesoel, tjoengtjat-tjingtjét hantém dibërik, barang maling kaoedag, bade ditambaloeng, si bapa maling nařadjang, gér galoengan bapa maling saréng abdi, rongkah teu kira-kira.

61. Barang djéboel balad paladjoerit, bade nangkép bëpa maling tea, manehna ngédjat ngaleos, ngap kantoen abdi woengkoel, anoe tinggal di djëro poeri, wadya balad naradjang, abdi

dikarēpoeng, sarta pada njarangkalak, dipadjarkeun abdi Goesti anoe maling, kitoe asal poerwana.

62. Ratoe Balangongan pok ngalahir, sarta ngambék tji-doeh moentjrat-moentjrat, eta sia akon-akon, memang bangsat mah kitoe, tara ngakoe dosa pribadi, ja-ja-ja kangdjéng rama, si Sembagi wadoel, ajeuna panoehoen poetra, Si Sembagi reudjeung Si Koeda Pangrawit, koedoe diparaehan.

63. Sanggeus kitoe Ratoe Madjapait, pok mariksa ka sakanan doe, tjoba moen maneh teu bohong, bapa maling saroesoel, sing katangkép djinis noe maling, sarta masing kabawa; lamoen maneh sanggoep, moal toeloses dipaehan, Den Pangrawit ajém matoer ka Sang Adji; Goesti oendjoek soemangga.

64. Djakaswaja ngadangoe Pangrawit, sanggoep njoesoel noe djadi malingna, pok ngalahir bari alon, kadjaba lamoen kitoe, sanggoep nangkép si bapa maling, tapi oelah doeaan, Si Pangrawit woengkoel, Si Sembagi keur tandonna, sarta koedoe diasoepkeun ka djro boei, samemeh maling beunang.

65. Sabab lamoen doeana indit, ieu kami teu pati përtjaja, boa teuing akon-akon, djalan sieun dihoekoem, ngakoe sanggoep njoesoel noe maling, boa saenjana mah, rek taroeloej kaboer, Sang Madjapait ngandika, tah koemaha moen kitoe Koeda Pangrawit, maneh sanggoep sorangan.

66. Doeberoer maneh Si Koeda Sembagi, djadi tandon tétèp dipandjara, nepi ka noe maling djogo, tapi moen maling lapoer, doeberoer maneh Koeda Sembagi, tangtoe meunang hoekoeman, bakalna digantoeng, Koeda Pangrawit oendjoekan, mënggah eta koemaha pangërsa Goesti, abdi sadaja-daja.

67. Moeng koe abdi siang saréng wéngi, taja deui noe ditéda-téda, djabi hibar Goesti bae, moegi abdi dikaboel, bisa nangkép poen bapa maling, dawoohan Sri Mah Radja, heg maneh geura djoeng, bral Koeda Pangrawit mangkat, dëmi eta raina Koedoe Sembagi, ngantian di pandjara.

4. Kinanti.

68. Koeda Pangrawit énggeus djoeng, arek nangkép bapa maling, manahna ngénés katjida, reh diseuseul koe Sang Adji, ditérka manehanana, anoe djadi bapa maling.

69. Di tengah djalan mënëkoeng, moedjasmedì mérih diri, nitik di mana ajana, ajeuna si bapa maling, teu lila énggeus katjipta, ajana si bapa maling.

70. Geus ngambah di loehoer goenoeng, sarta énggeus malih warni, aki-aki kolot pisan, koendang iteuk tjétoek hoeis, leumpangna ongko-ongkoan, bakating koe kolot teuing.

71. Toenda Pangrawit noe njoesoel, sakédap hënteu kawarti, tjatoer heula Djakasoendang, anoe djadi bapa maling, geus toeroen ti awang-awang, geus aja di leuweung sépi.

72. Sarta manehna geus maphoem, jen Sang Ratoe Madjapait, eukeur nimbalan neangan, djalma anoe djadi maling, Pangrawit noe ditimbalan, ti nagara ᨔnggeus indit.

73. Tjoba aing arek malsoe, rek ngadjadi aki-aki, lamoen Si Pangrawit awas, tangtoe njahoëun ka aing, ti harita hënteu lila, geus djlëg djadi aki-aki.

74. Tjara kasëboet di loehoer, ajeuna katjatoer deui, Den Koeda Pangrawit tea, noe neangan bapa maling, ᨔnggeus djol ka lëbah dinja, gok tēpoeng djeung aki-aki.

75. Aki dipariksa tēroes, koe Raden Koeda Pangrawit, aki naon noe di siar, sorangan di leuweung sëpi, rasa kaoela hinapisan, koema' moen aja balai.

76. Djëro leuweung loewang-liwoeng, loba noe baris balai, kaja sato noe garalak, maoeng badak banteng lilin, moal aja noe noeloengan, lamoen ngaroeksak ka aki.

77. Aki palsoe gantjang matoer, noen soemoehoen dawoeh Goesti, wantoe aki kabalangsak, miskin teh liwat ti misti, toer teu intjoe hënteu anak, taja noe miara diri.

78. Daha sore hënteu isoek, tjeuk basa anoe kiwari, kawantos noe noenggoel pinang, oepami hënteu pribadi, oedar-idér balangsiar, teu manggih pisan rëdjëki.

79. Sakapeung sadintén djëpoet, ti isoek nëpi ka boerit, hënteu pisan barangtëda, kitoe margina teh aki, aja di leuweung gërotan, ngilari baris rëdjëki.

80. Kaja bongborosan soeloe, ngarah sapeser sadoeit, djoealeun ka pilëmboeran, tamba baramaan teuing, Koeda Pangrawit ngandika, eh aki karoenza teuing.

81. Leuwih hade aki miloe, ka kaoela ka nagari, moal soesah barangdahar, pakean nja kitoe deui, dioeroes salalawasna, koe kaoela diri aki.

82. Tah koemaha lamoen kitoe, tibatan sangsara diri, aki palsoe ngawalonan, atoeh goesti noehoen teuing, gamparan kërsa miwëlas, ka aki boetin toer miskin.

83. Soekoer aki lamoen kitoe, ka kaoela daek ngiring, ngan kaoela aja pamenta, poma masing soeka aki, kaoela teh menta natiyan, ka aki koe rante beusi.

84. Aki palsoe gantjang matoer, naha kitoe kërsa Goesti abdi hënteu gadoeh dosa, hënteu djinah hënteu maling, koe Goesti rek ditalian, naha naon dosa abdi.

85. Den Pangrawit mindo matoer, hënteu kieu-kieu aki, ngan kaoela menta tanda, moen estoe tēroes djeung ati, aki noeroët ka kaoela, daek dirantean beusi.

86. Aki palsoe gantjang wangsoel, nja soemangga baë Goesti, balik abdi moen bahoela, teu noeroët ka kërsa Goesti, meureun ngalëgokan tapak, ᨔnja tjek Koeda Pangrawit.

87. Engke di nagara tangtoe, koe kaoela dilaan deui, ngan

sabot eukeur di djalan, aki dirantean beusi, koe aki palsoe kamanah, jen awas Koeda Pangrawit.

88. Njahoëun aing keur malsoe, salin djadi aki-aki, tapi teu djadi koemaha, rek ditoeroetkeun koe aing, ēngke moen geus di nagara, aing rek ngaleos deui.

89. Tjatoer ti goenoeng taroeroen, Koeda Pangrawit djeung aki, rek ngadjoegdjoeg ka nagara, di djalanna teu kawarti, djaoeh tjoendoek anggang datang, kotjap ka nagara soemping.

90. Di nagara Sri Mah Ratoe, Balangbangan Madjapait, keur gēmpoengan di paseban, djeung kabeh wadya pērdjoerit, Madjapait Balangbangan, mitjatoer Koeda Pangrawit.

91. Geus lawas tatjan rek djēboel, boa Si Koeda Pangrawit, ēnja tēroes kaboer tea, moal daek balik deui, sieuneun nampa hōekoeman, keur kitoe torodjol soemping.

92. Pangrawit pajoeneun Ratoe, djeung babandan aki-aki, Sri Mah Radja doeana, Balangbangan Madjapait, kageteun teu kira-kira, ningali babandan aki.

93. Sang Ratoe gantawang njaoer, eh maneh Koeda Pangrawit, naha kitoe lalampahan, bēt nambaloeng aki-aki, noe geus sakitoe kolotna, awak bongkok tjētoek hoeis.

94. Moal ēnja tjara kitoe, boga karēp maling poetri, naon pigaweeunana, da manehna aki-aki, kitjeupna ge kari doea, baroraah maling poetri.

95. Soegan si Pangrawit boeroeng, nangkēp ngan malar bbari, poegoeh oge gampang pisan, lamoen nangkēp aki-aki, da moal aja goeamna, nadjan koe maneh dipeuntjit.

96. Koeda Pangrawit heg matoer, noen soemoehoen dawoeh Goesti, sim abdi sadaja-daja, dioetoes koe dampal Goesti, nangkēp bapa maling tea, ngan aki anoe kapanggih.

97. Lērēs lēpat sēdja katoer, ka palēnggah Dampal Goesti, da ngan sakitoe sipatna, noe kapēndak aki-aki, Sang Blangbangan heran manah, malik mariksa ka aki.

98. E-e aki tjoba matoer, naon kasalahsan aki, anoe matak ditjangkalak, koe eta Koeda Pangrawit, Si aki palsoe oendjoekan, soemoehoen parios Goesti.

99. Teu roemaos gadoeh loepoet, ngan sakala waktoe tadi, dawoehanana satria, lamoen daek diri abdi, ditambaloeng ditjangkalak, bade dipaparin doeit.

100. Doeit lobana saratoes, sarēng moenggoeh diri abdi, taja pēta rek bahoela, da poegoeh ge aki-aki, toer kaliwat nja waloerat, heg rek dipaparin doeit.

101. Papakean ēnggeus poegoeh, abdi bade dipaparin, kitoe dawoehan satria, ēngke moen geus di nagari, ajeuna sadaja-daja, koemaha pangersa Goesti.

102. Sang Blangbangan malik bēndoe, ka Raden Koeda

Pangrawit, njabokan djeung nampilingan, pokna sia bangsat iblis, koerang adjar si binatang, ngaja-ngaja aki-aki.

103. Ti'nya malik deui njaoer, ngoepahan ka aki-aki, eh aki matak karoenza, disangsara diri aki, ieu koe kami digandjar, koe doeit saratoes rispis.

104. Djeung deui eta tambaloeng, hiap dilaan koe kami, prak koe Ratoe Balangbangan, dilaanan rante beusi, kotjap sanggeus rante oedar, djanggelek satria ginding.

105. Ngadēg di pajoeneun Ratoe, ngaledjeg djeung landjang-lindjing, taja pisan kagilana, toetoendjoek bari ngalahir, eh si Ratoe Balangbangan, mata pēda sia iblis. * * *

106. Moen teu njaho aing njamoer, nya aing si bapa-maling, tjrot Sang Ratoe Balangbangan, ditjidoehan bapa-maling, palébah rarajna pisan, bapa-maling lēs ngaleungit.

107. Ngan sorana tjéloek-tjéloek, ka Sang Balangbangan Adji, pek koe sia aing oedag, moen ēnja sia lalaki, Djakaswaja tanpa polah, koemambang tjisotja bidjil.

5. Maskoemambang.

108. Ratoe Balangbangan ngarangkoel Pangrawit, barina sasambat, doeh rai Koeda Pangrawit, akang moega dihampoera.

109. Sakoemaha lēpat akang ka kang rai, moega dihampoera, kakang teu ngira saeutik, jen eta noe maling tea.

110. Boro tadi dihampas liwat ti misti, kang rai koe kakang, nepikeun ka kakang wani, ka kang rai nampilingan.

111. Adoeh-adoeh tobat akang teh kang rai, tēgēs bodo akang, rai noe awas tingali, oeninga noe malih warna.

112. Kitoe deui Sri Mah Ratoe Madjapait, sami totobatan, ka Raden Koeda Pangrawit, reh andjeunna ge njatjampah.

113. Pilahirna Maha Radja Madjapait, barina ngoepahan, eh maneh Koeda Pangrawit, ama ge nēda hampoera.

114. Reh ka maneh geus njatjampah liwat misti, tina bodo ama, teu njaho noe malih warni, tēgēs ama mata pēda.

115. Panon ama molotot hēnteu ningali, keur panēda ama, ajeuna mah Ki Pangrawit, oelah kapalang nya bela.

116. Moal saha ka ama noe baris njait, ngilangkeun wiwirang, kadjabo maneh pribadi, noe djadi tanggēlan ama.

117. Ajeuna mah wajahna bae Pangrawit, koedoe geuwat miang, soesoel deui bapa-maling, masing datang ka beunangna.

118. Moen geus beunang anoe djadi bapa-maling, ama teh tarima, sarta tangtoe Ki Sembagi, dibidjilkeun ti pandjara.

119. Den Pangrawit sakeudeung mah teu ngalahir, tina han-deueulna, enggeus beunang bapa-maling, toeloej deui sina leupas.

120. Tina hantēm koe Radja diasih-asih, gantjangna bendjoekan, alon toer sēmoe noe isin, doeh Goesti oendjoek soemangga.



121. Moeng koe abdi noe ditēda siang wēngi, hēnteu aja lian, ngan pandoe'a dampal Goesti, moegi maling sing kapēndak.
122. Kitoe deui masing bisa djisim abdi, nangkēp ka manehna, geus kitoe Koeda Pangrawit, moendoer ti pajoeneun Radja.
123. Sadjadjaran ngērik manahna Pangrawit, rehing koe Sang Radja, Balangbangan Madjapait, dihampas dihina-hina.
124. Toenda heula noe angkat Koeda Pangrawit, kotjap noe ditinggal, di nagara Madjapait, nja eta Sang Balangbangan.
125. Samiosna Koeda Pangrawit ti nagri, andjeunna pamitan, eh' rama Sang Madjapait, kang poetra bade pamitan.
126. Poetra bade moelang heula ka nagari, reh geus kalanian, poetra nja ninggalkeun nagri, bilih aja koemaonam.
127. Doepi nikah kang poetra teh ēngke deui, aja toemaniyah, dimana si maling kenging, didinja kang poetra nikah.
128. Ngan panoehoen sangēt-sangēt ka ramadji, oepami malingna, koe Pangrawit prantos kenging, kang poetra enggal sēratān.
129. Wande poetra enggal ngadeuheusan deui, sarēng tēras nikah, dawoehan Sang Madjapait, kang poetra hatoer soemangga.
130. Satamatna Ratoe Balangbangan pamit, bral boedal māroelang, diiring wadya pērdjoerit, ngabroel sapoengkoereunana.

6. Pangkoer.

131. Sigeug Ratoe Balangbangan, noe geus boedal ti dajeuh Madjapait, tjatoerkeun anoe kapoengkoer, Koeda Pangrawit tea, keur neangan bapa-maling anoe kabober, angkatna kaloenta-loenta, djēro leuweung Madjapait.
132. Ear manoek disarada, sit-oentjoeing sorana tingtaroeing, manoek doedoet tingdaroetdoet, toeweuwna gogorekan, koe-koekbēloek disada patingkaroekoek, boeltok mani patembalan, hingkikna hoemingkik-hingkik.
133. Tingjawehwer tjanggehgarna, tingjiritjit sorana manoek leutik, tingkaroengkoeng sora poejoeh, djoelang sada haghagan, manoek mērak hok-hokan kentja katoehoe, gagakna pattinggaroak, tingtarékit banaspati.
134. Loklok reudjeung boengaokna, ēlok-ēlok sorana matak kētir, gak-gek-gok sorana loetoeng, soerili djēdjēritan, sora maōeng kadengena tinggalaoer, badakna patinghareang, tingsalēgor banteng lilin.
135. Matak risi noe keur angkat, lamoen lain ninggang Koeda Pangrawit, tangtoe moal bisa ladjoe, kasima sasatoan, nadjan bisa tangtoe kokoplokan boedjoer, dēmi Koeda Pangrawit mah, roepa teu risi teu gimir.

136. Djongdjon angkat ngagandeuang, sato galak teu pisan dipérdoeli, tjatoer angkatna geus tjoendoek, kana boeboelak lèga, barang reret laoer-laoer tēbeh kidoel, bêt aja doe a satria, sarigitna taja tanding.

137. Beuki deukeut katingalna, hēnteu lila satria tiloe panggih, pada ngahoelēng ngadjēntoel, tina teu warawoehna, sanggeus kitoe Koeda Pangrawit pok njaoer, ieu satria ti mana, doeaaan tjarakép teuing.

138. Noe disédja rek ka mana, marga aja di djēro leuweung soeni, toer djiga noe sēmoe roesoeh, sarta saha djénēngan, iboe rama di mana nja lémboer matoeh? Den Oedara ngawangsoelan, noen soemoehoen ieu koering.

139. Asal oerang Pasoeroean, noe disédja bade ka Madjapait, dēmi poen bapa koelanoen, Pandita Pasoeroean, ari ngaran djisim koering tjek noe njēboet, katēlah Raden Oedara, Djajā-séntika poen adi.

140. Pangrawit mindo ngandika, kērsa naon andjeun ka Madjapait, Den Oedara pok ngawangsoel, noen asal poerwana mah, djisim koering kawasiatan koe sēpoeh, kēdah ngadeuheus ka Radja, Brawidjaja Madjapait.

141. Sareh dawoehan poen bapa, eta Radja di nagri Madjapait, saderek poen bapa esto, sarēng djabi ti eta, reh di ditoe sim koering teh gadoeh doeloer, lantjeuk djisim koering pisan, geus lami tatjan papanggih.

142. Tjarek wasiat poen bapa, doeloer koering anoe di Madjapait, djénēnganana kasēboet, Koeda Pangrawit tjikal, anoe alit Koeda Sembagi koelanoen, kitoe oedjaring wasiat, poen bapa Sang Maha Rēsi.

143. Satamatna tjetjarita, Den Oedara ka Den Koeda Pangrawit, ti awal nēpi ka toetoep, ngagēbēg djro maanahna, ambo-ambo ieu doeloer aing esto, gantjang gabroeg dirangkolan, deudeuh teuing doeloer aing.

144. Rai-rai ieu kakang, doeloer rai anoe di Madjapait, anoe koe rai disēboet, Koeda Pangrawit tea, ēnja kakang boektina anoe saestoe, kakang noehoen ka Djawata, parēng djeung awak papanggih.

145. Den Oedara dioesapan, Raden Djajaséntika kitoe deui, rehna kakara patēpoeng, sono ūtu kira-kira, sanggeus kitoe Den Oedara Malik Soedjoed, Djajaséntika teu tinggal, Soedjoed ka Koeda Pangrawit.

146. Bari pada tjetjarita, raka rai dareuda sēmoe tjeurik, soeka tērēsna patjampoer, tina nēmbe' oeninga, ka rakana sakitoe geus tahoen-tahoen, tjatoerna Raden Oedara, doeh raka teu njana teuing.

147. Tiasa enggal patēpang, mēnggah abdi tjiptaan taja deui, ti barang djoeng indit ti 'toe, ngan raka noe katjipta, mani asa

gok, asa gok bae tēpoeng, ajeuna amprok di djalan, atoh teh kaliwat saking.

148. Doepi rai kakang mana, noe kasēbat Raden Koeda Sembagi, naha teu sarēng koelanoen, Pangrawit ngawalonan, adoeh rai kakangna mah hēnteu miloe, tinggal bae di nagara, ditahan koe Kangdjēng Goesti.

149. Lantaran aja pērkara, malah-malah ditahan djēro boei, Raden Oedara ngarandjoeg, kakang koe naon halna, kang Sembagi doegi ka dihoekoem kitoe, Pangrawit pok tjatjarita, ti awal nēpi ka ahir.

150. Dēmi noe djadi lantaran, hidji mangsa Sang Ratoe Madjapait, bade nikahkeun Nji Ratoe, ka Radja Balangbangan, para mantri ponggawa kabeh diatoer, pada baroga tjangkingan, pagawean anoe misti.

151. Aja noe ngadjaga semah, aja anoe ngadjaga sangoe kopi, anoe karasmenan woengkoel, ari kakang doeaaan, kabēnērkeun kana ngadjaga kadatoen, tēmpatna Nji Poetri tea, barang dina hidji peuting.

152. Djol bangsat hidji satria, pakarēpanana rek maling Poetri, koe kang Sembagi kabitoer, gantjang dioedag-oedag, gēr galoengan rosa di djēro kadatoen, prabot boemi paboerantak, kadoepak noe pērang tanding.

153. Teu kira-kira riboetna, sanggeus kitoe brēg balad paladj erit, ngalingkoeng noe keur garēloet, sēdjana rek man toeana, tapi tiwas si maling kaberoe kabober, ngan kang Sembagi noe tinggal, dikarēpoeng koe pērdjoerit.

154. Roeprap pada njarangkalak, kang Sembagi koe sakabeh pradjoerit, manehna anoe ditoedoeh, jen noe djadi malingna, teu njahoēun noe malingna ēnggeus kabober, toer teu katingal ngēdjatna, da poēk wantoe ti peuting.

155. Isoekna tēroes dilandrat, koe Sang Ratoe Blangbangan Madjapait, akang oge hēnteu kantoen, kabawa-bawa salah, sarta baris dikeunaan hoekoem gantoeng, Sembagi gantjang oendjoekan, teu roemaos djadi maling.

156. Samalah tjarita pandjang, ditērangkeun ti awal doegi ahir, tatapi hēnteu digoegoe, keukeuh pada nērēka, sarta keukeuh koedoe meunang hoekoem gantoeng, meunang lesot ti hēbekoeman, tapi koedoe boekti maling.

157. Gantjang koe akang didjawab, jen poen akang sanggoep nangkēp noe maling, dawoehanana Sang Ratoe, hade maneh sanggoep mah, tatapina ngan koedoe sorangan woengkoel, Sembagi djadi tandonna, ditoetoep di djēro boei.

158. Nja koe akang geus kapēndak, noe malingna satria gagah sakti, wakteoe koe akang kasoesoel, manehna malih warna, ngadjadikeun aki-aki noe geus bēngkoeng, leumpangna ongkoongkoan, koe bawaning kolot teuing.

159. Tapi akang hēnteu samar, jen nja eta aki noe djadi maling, prak koe akang ditambaloeng, disanggakeūn ka Radja, barang datang ka pajoeneun Sri Mah Ratoe, hēnteu pisan di-pertjaja, jen eta si bapa-maling.

160. Malah akang beak-beak, disareuseul koe Sang Sri Narapat, madjah malar gampang woengkoel, nangkēp teu reudjeung kira, aki-aki noe sakitoe tjētoek-dawoek, moal ēnja boga tekad, keur naon rek maling poetri.

161. Gantjang Ratoe Balangbangan, ngalaanan barogod ran-te beusi, barang geus oedar tambaloeng, eta si aki tea, leungit aki beh satria sēgoet panggoeh, ngaledjeg taja kagila, di pajoeneun Sri Nārpati.

162. Bari ngawakwak njarekan, ka Sang Ratoe Blangbangan Madjapait, Ratoe Balangbangan pinoeh, rarajna ditjidoe-han, sanggeus kitoe lēs leungit teu tempong woedjoed, ngan ū-koer kadenge sora, tjēloek-tjēloek bapa-maling.

163. Nangtang Ratoe Balangbangan, pokna: hiap aing tarangkēp deui, ti'nja kakara Sang Ratoe, Madjapait Blangbangan, karageteun bari patingraroempoejoek, moeroe tarobat ka akang, sarta malasrahkeun diri.

164. Kitoe deui maling tea, koe andjeunna dipalasrahkeun deui, koe akang koedoe dispesoel, ēnja ajeuna akang, anoe matak djēro leuweung loewang-liwoeng, keur ngēmban timbalan Radja, neangan si bapa-maling.

165. Kang Sembagi dilēpasna, ēngke lamoen geus beunang bapa-maling, tah lantaranana kitoe, anoe matak ēngkangna, ajeuna teh di djēro boei ditoetoep, kotjapkeun Raden Oedara, ngēnēsna kaliwat saking.

166. Pangrawit mindo ngandika, akang soekoer papanggih djeung kang rai, akang teh koedoe ditoeloeng, pangnangkēpkeun si bangsat, sabab akang ajeuna tjape kalangkoeng, akang ngadago doeaaan, di dieu djeung toeang rai.

167. Oedara nampa timbalan, ti rakana Raden Koeda Pangrawit, sēmoena mitoehoe estoe, sanggēmna Den Oedara, dawoeh raka koe djisim abdi kasoehoen, mangga bade dilakonan, ma-nawi tiasa kenging.

168. Bral mangkat Raden Oedara, dipiwarang koe raka nangkēp maling, di tengah djalan mēkēkoeng, njoesoed noe maling tea, hēnteu lila koe andjeunna geus kamaphoem, jen aja di awang-awang, si maling teu samar deui.

7. Asmarandana.

169. Oerang toenda saantawis, Den Oedara keur di djalan, bapa-maling katjarios, Raden Djakasoendang moelja, sanggeus na bisa leupas, gantjang ngēdjat tēroes ngapoeng, ngalajang ka mega bodas.

170. Dina mega bodas tjalik, bari ningali ka handap, diawasawas dipentjrong, soegan aja noe njoesoelan, tapi lila teu aja, ti'nya toeloej deui moemboel, djol kana mega si Doeta.

171. Dinja toeloej tjalik deui, barina ngamanah-manah, pokna di dieu mah djongdjon, lamoen aja noe njoesoelan, ka dieu moal bisa, djeung aing kaliwat toendoeh, ajeuna rek sare heula.

172. Doeg ebog na mega poetih, reup koelém tibra katjida, kerek mani njégrek-njégrek, bakat koe tibra koelémna, dëmi mega si Doeta, salawasna tara matoeh, madjoe bae wantoe mega.

173. Kabawa-bawa koe angin, angin ngetan mega ngetan, angin ngoelon mega ngoelon, oepama gëde anginna, mega gantjang madjoenâ, tapi nadjan mega kitoe, noe koelém mah djongdjon tibra.

174. Teu lila djol angin tarik, ngadoepak mega si Doeta, mega gantjangna lir pelor, njeot hënteu kira-kira, tapi anoe koelémna, hënteu kieu hënteu kitoe, djongdjon tibra ngeunahngeunah.

175. Sok toenda hënteu kawarti, anoe koelém dina mega, anoe tadi katjarios, Rahaden Oedara tea, sanggeusna kaoeninga, jen maling aja di loehoer, andjeunna poeng ngawang-ngawang.

176. Ngapoengna tarik lir tatit, teu lila enggeus djol datang, ka lapisan mega hedjo, pek di dinja dipariksa, si maling teu kapendak, poeng deui beuki ka loehoer, soemping kana mega djingga.

177. Di dinja pek diilari, si malingna hënteu aja, geus kitoe poeng deui bae, ngadjoegdjoeg ka mega bodas, pek dinja dipariksa, dina mega bodas soewoeng, bapa-maling hënteu aja.

178. Den Oedara moemboel deui, ngadjoegdjoeg mega si Doeta, di dinja maling kasondong, keur koelém tibra katjida, ngahoelëng Den Oedara, pok njaoré djéroning kalboe, si maling tegés digdjaja.

179. Paingan barani maling, lamoen kieu lelewana, djeung pantès leber wawanen, da sakti tjarang pantarna, nëpi ka bisa tibra, sare dina mega mangproeng, ngalajang kabawa barat.

180. Den Oedara mikir-mikir, koema dihoedangkeunana, reh mega madjoe njolojong, geus kitoe bidjil napsoena, satria Den Oedara, mega keur njolojong madjoe, kék ditewak koe andjeunna.

181. Mega Doeta djadi tjitjing, noe koelémna téroes rasa, asana aja noe njéntok, ngagébég koredjat goegah, bët geus aja satria, kasep ginding sëgoet panggoeh, pok gantawang dipariksa.

182. Wantoe noe taja karisi, nanjana tatag tjiapetang, ha-haok bari sësëntor, maneh satria ti mana, sarta saha nya ngaran, djeung rek naon noe dimaksoed, noe matak ka dieu datang.

183. Oedara ngadjawab gasik, tatag wantoe hënteu rempan, ngaran oerang noe kasohor, katélah Raden Oedara, sababna ✓

oerang datang, aja noe disoesoel-soesoel, maling, noe aboera-aboeran.

184. Oerang pon nja kitoe deui, arek nanja ka sampean, saha ngaran sampean teh, djeung naon anoe disiar, aja di awang-awang, bapa-maling kētjrot njidoeh, ngadjawab bari ngareuhak.

185. Enja aing bapa-maling, na wani maneh Oedara, anggoer maneh geura mantog, nangkēp aing moal koeat, Den Oedara ngadjawab, oerang moal waka moendoer, moen maneh 'tjan katjangkalak.

186. Bapa-maling madjoe wani, Oedara naradiang-tjonggah, maling ngomong njēntor-njēntor, Oedara nembal ngawakwak, tjek bapa-maling tea, geuning eta sia lēmboet, ka noe gēde rek ngalawan.

187. Kadjeun nadjan aing leutik, lain beunang ngaraoetan, tjek maling aing mah gēde, nadjan gēde teu koemaña, moal rek ditetean, tjek maling aing mah djangkoeng, djangkoeng mo ditaradjean.

188. Njata Si Oedara wani, hajoh madjoea Oedara, naha teu wani koe naon, tjarékna Raden Oedara, toeloej silitjidoehan, tēgēs doeana tanggoeh, teu moendoer sala-saoerang.

8. Doerma.

189. Mimitina anoe pērang tanding tea, ngarendeng landjang-lindjing, pagesek gigirna, estoening loetjoe pisan, gindingna saroea ginding, gandang saroea, tēgēsing manggih tanding.

190. Moen di wajang Ardjoena djeung Arajana, noe djadi bapa-maling, wanda Arajana, Oedara Ardjoenana, ana malik barēng malik, silitjidoehan, omongna bapa-maling.

191. Hajoh sia Oedara masing iatna, Oedara djawab deui, ati-ati sia, toeloej silitjabokan, geus kitoe silitampiling, sami koeatna, pek pērang silikeumbing.

192. Silitongtak saroea bae koeatna, geus wēleh silikeumbing, ngadoekeun pakarang, taja anoe toemama, tidinja silidjam-paring, pada binēkas, wēleh pērang djamparing.

193. Bapa-maling njaoer ka Raden Oedara, Oedara hajoe gasik, oerang prang di handap, aja dilaladjoan, Oedara ngadjawab bēngis, sakarēp sia, ditoetoerkeun koe aing.

194. Anoe pērang gantjang taroeroen ka handap, geus pada nintjak boemi, gēr deui galengan, silipotongkeun iga, sildjoengdjoeng silibanting, Den Djakasoedang, noe djadi bapa, maling.

195. Dibantingkeun kēlēwēng goebrag ngadjopak, lēs leungit tanpa lēbih, djēboelna ti toekang, njandak Raden Oedara,

Den Oedara bér dibanting, goebrag ngadjopak, lés deui tanpa lēbih.

196. Ana soemping ti toekang djeung njandak gada, bék digada pa-maling, bés ka djero lémah, datang deui ti toekang, bari njandak gada beusi, Raden Oedara, habék digada beusi.

197. Barang djédak Raden Oedara digada, boeloeboes néroes boemi, djol deui ti toekang, pa-maling top ditjandak, dibanting-keun bapa-maling, lés tanpa krana, bidjilna salin roepi.

198. Djadi bangkong gédéna teu kira-kira, sagéde anak sapi, Rahaden Oedara, ngagédogkeun salira, djlég ngadjadi Nagagiri, géde katjida, ngoedag bangkong noe tadi.

199. Bangkong géde kétjok dipatjok koe naga, rek diteureuj lés leungit, gantjang salin roepa, geus ngadjadi garoeda, ngringkiwik nanding pasir, tina gédéna, njambéran Nagagiri.

200. Nagagiri disambér koekoerilingan, diranggeum Nagagiri, semprieng ngawang-ngawang, di awang-awang moesna, naga ngadjadi djamparing, manoek garoeda, dioedag koe djamparing.

201. Hénteu lila garoeda keuna koe panah, géboet ragrag ka boemi, barang geus ka handap, garoeda leungit moesna, boeringkal seuneu ngadingding, ngaboelak-boelak, moro kana djamparing.

202. Djamparing teh kadoeroek koe seuneu beak, teu tinggaleun saeutik, salés-djamparingna, datang hoedjan silantang, seuneu katinggang koe tjai, pareum sapisan, barang seuneu geus leungit.

203. Oedjoeg-oedjoeg blégédéng tangkal kiara, loehoerna ngadjoe langit, hoedjan silantangna, raat sama sapisan, djol kampak sagéde hihid, matak garila, gédok noear tjaringin.

204. Hénteu lila tjaringin teh goebrag roengkad, sanggeus roengkad tjaringin, ngéblak aja taman, kembangna warna-warna, kembang ros kembang malati, reudjeung tjampaka, seungitna ngadalingding.

205. Kampak leungit djol roepa-roepa bangbara, napoek kana malati, kana ros tjampaka, njareuseupan seungitna, tidinja taman lés leungit, djol Djakasoendang, bangbara leungit deui.

206. Hénteu lila langgeor Raden Oedara, pajoeneun bapa maling, sami tingrarenghap, Den Oedara soesoembar, hajoh sia bapa-maling, arek koemaha, pikarépeun djeung aing.

207. Bapa-maling ngadjawab bari ngareuhak, Oedara ieu aing, djaoeh keneh pisan, pibeunangeun koe sia, Den Oedara nembal bengis, eh sia bangsat aing ge moal miris.

208. Djakasoendang soesoembar bari ngareuhak, sok sia pérang deui, sarta oerang pindah, pérang di awang-awang, Den Oedara nembal késit, sakarép sia, ditoetoerkeun koe aing.

209. Doeanaa sét ngapoeng ka awang-awang, di loehoer



pérang deui, galoengan pohara, soetsét lir langlajangan, sili-sambér siligitik, toeloej patélak, roekét ngadjadi hidji.

210. Barang anoe pérang keur roekét katjida, géléboeg datang angin, tarikna katjida, ngadoepak anoe pérang, sěbroet kadoepak koe angin, patingkoleab, gěboet ragrag ka boëmi.

211. Tatapina ragragna teh pipisahan, Oedara noe kawarti, ragragna ménéran, ka tanah pagoenoengan, kabawah ka Madjapait, barang bloeg ragrag, koredjat goegah deui.

212. Loeak-lieuk ningalian lawan pérang, wěleh teu katingali, ti dinja djoeng angkat, sédja neangan lawan, sok tóenda hěnteu kawarti, Raden Oedara, kotjapkeun bapa-maling.

213. Ragragna teh ka tanah bawahan Toeban, barang bloeg, tjéngkat gasik, bari ngalieukan, lawanna pérang tea, wěleh hěnteu katingali, tinja djoeng angkat, neangan moesoeh tadi.

214. Lila-lila djéboel ka djero nagara, kotjap noe mangkoe nagri, di nagara Toeban, Dipati Arja Toeban, děmi anoe djadi Patih, rai Sang Radja, wastana Raden Patih.

215. Raden Arja Rangga Lawe katélahna, harita Sri Narpati, eukeur bérhimpoenan, moepakat reh Sang Radja, tjan kagoengan Prameswari, kërsa ngalamar, ka Poetri Madjapait.

216. Noe djénéngan Nji Kantjanawati tea, barang eukeur badami, djol aja noe datang, trodjog tanpa larapan, ka pajoe-neun Sri Narpati, teu taha-taha, gek tjalik dina korsi.

217. Radja Toeban sarawoeh wadya-baladna, karaget liwat saking, reh kakara pisan, měndak noe kitoe halna, wani garadag-giridig, ka pajoen Radja, taja tata saeutik.

218. Tina kitoe Sang Toeban běndoe katjida, baladna kitoe deui, gantawang mariksa, maneh saha nja ngaran, datang garadag-giridig, tjara noe edan, teu njaho témah-wadi.

219. Moen teu njaho deuleu ieu aing Radja, gantawang bapa-maling, ngadjawab ka Radja, eh maneh Radja Toeban, ieu aing bapa-maling, keur ngalalana, měntas maling Nji Poetri.

220. Poetra Radja Madjapait Brawidjaja, ngaran Kantjanawati, barang Radja Toeban, oeninga tjaritana, Poetri Radja Madjapait, noe rek dilamar, geus aja anoe maling.

221. Toeroeg-toeroeg bangsatna aja di dinja, beuki katambah poesing, e-e sia setan, famoen teu njaho eta, Poetri papatjangan aing, arek dilamar, koe sia bět dipaling.

222. Hajoh balad ieu tarangkép si setan, maling bebene aing, giak balad Toeban, rek nangkép Djakasoendang, brěg ngalingkoeng paladjoerit, sakoerilingha, ti toekang djeung ti gigir.

9. Pangkoer.

223. Kotjap Raden Djakasoedang, geus dilingkoeng koe

wadya-paladjoerit, ti pajoen reudjeung ti poengkoer, ti gigir soemawonna, Djakasoendang haok njaoer ka sērdadoe, eh maraneh balad-balad, montong ngalawan ka aing.

224. Sabab maneh moal koeat, anggoer maneh taloek bae ka aing, moen maksa maraneh tangtoe, pada maranggih baja, balad-balad dikitoe teh anggoer napsoe, bērējēk pada ngadekan, pada noembak pada ngēris..

225. Raden Djakasoendang tjēngkat, ohek njidoeh barina njaoer deui, eh maneh balad sērdadoe, moen maneh kitoe pēta, saēnjana eta geus iklas ka oemoer, heg ieu geura tampanan, pamalēs ti awak aing.

226. Bēk balad ditampilingan, sakalina opat lima noe mati, djaba koe sepak koe tjidoeh, hampangeun ngalawanna, sarēdadoe noe tjoendoek ti pajoen roeboeh, noe datang ti toékang rēbah, ti gigir patingdjoempalik.

227. Taja noe mangga poelia, wadya-balad teu lila boerak-barik, bangkena patempoek-toempoek, noe hiroep paboerisat, kalalaboer bari tjoemēloek ka Ratoe, doeh Goesti abdi teu kiat, ngalawan si bapa-maling.

228. Kotjap Raden Patih Toeban, barang ningal pērdjoerit boerak-barik, manahna asa disoendoet, panas teu kira-kira, pok oendjoekan ka rakana Sang Pērēboe, Goesti balad oerang tiwas, teu koeat ngalawan maling.

229. Ajeuna moegi widian, djisim abdi bade madjoe prang djoerit, ngajonan si maling pamoek, walonna Radja Toeban, rai-rai bēnēr rai tjoba padjoe, tangkēp koe rai si setan, podaran sama sakali.

230. Kēdjat Raden Patih Toeban, arek nangkēp noe djadi bapa-maling, teu lila ēnggeus patēpoeng, gantawang Patih Toeban, hajoh bangsat sia djeung aing diadoe, koerang adjar si binatang, ngaroeksak ka balad aing.

231. Bapa-maling pok ngadjawab, sēnang-sēnang bari seuri ngagikgik, njēntak barina toetoendjoek, saha sia nja ngaran, wani-wani ka aing ngalawan taroeng, Patih Toeban ngawalonan, moen teu njaho sia djoerig.

232. Nja aing papatih Toeban, Raden Arja Rangga-Lawe nja aing, aing noe baris ngaboenoe, rek nilas beuheung sia, bapa maling ngadjawab bari tjoemidoeh, adoeh maneh Patih Toeban, anggoersi taloek ka aing.

233. Sabab maneh moal koeat, gēde bagdja maneh koeat ka aing, Patih Toeban woewoeh napsoe, mani ngēpēr biwirna, pok ngadjawab babab-bēbēb tina napsoe, si binatang koerang adjar, sia ngahampas ka aing.

234. Bapa-maling ngawalonan, maneh Patih gēde wawanen teuing, pek maneh geura ngaboenoe, gantjang papatih Toeban,

ngangkat gada sorana mani ngahioeng, koe tina tarik-tarikna, djébrod digada pa-maling.

235. Tapi noe digada tea, djongdjon bae hënteu obah saeutik, papatih Toeban ngarandjoeg, doeh biang njata gagah, tindinna mah hantém bae dikérépoek, sanggeus tjapeeun ngagada, Patih Toeban njaboet këris.

236. Pek koe këris ditëwëkan, tatapina bapa-maling teu boesik, anggoer kërisna mélengkoeng, tjoel dipitjeun kërisna, Patih Toeban mésat pëdang bék ngaboenoeh, bapa-maling hënteu teurak, kalah potong pëdang Patih.

237. Patih seep tanagana, toeloej njaoler, barina sëmoe tjeurik, bawaning kaliwat napsoe, tjarek basa tea mah, ambék njédék napsoe kantoen ngoewoeng-ngoewoeng, tanaga geus midék pişan, ngan bati hajang hing tjeurik.

238. Ari pokna hajoh siá, bapa-maling geura malës ka aing, hook bapa-maling njaoler, naha sia geus iklas, Raden Patih roenghap-renghap teu ngawangsoel, pa-maling ohek ngareuhak, gëbro ditjidoohan Patih.

239. Raden Patih kokosodan, hënteu koeat nadah tjidoeh pa maling, awakna ngaçasa adjoer, pok sasambat ka raka, adoeh Goesti rai tiwas kaoelanoen, kasamboet ènggoning përang, teu kiat ka bapa-maling.

240. Barang Sang Radja oeninga, jen raina roeboeh koe bapa-maling, soeroewoek andjeunna madjoe, barina hahaokan, bapa-maling sok reudjeung aing diadoe, sia teh ogoan pisan, lawanna koedoe djeung aing.

241. Bapa-maling ngawalonan, Toeban! maneh montong përang djeung aing, leuwih hade maneh taloek, sababna moal koeat, Radja Toeban napsoe woewoeh ngagoegoedoeg, amarah teu kawadahan, dihina koe bapa-maling.

242. Gantjang ngoelangkeun gadana, bari njaoler pek tadah sia iblis, sora gadana ngahioeng, bakating koe tarikna, barang gëdak gada rémoek amboeradoel, noe digada hënteu obah, Radja Toeban tambah poesing.

243. Serepet maték pëdangna, gamplëng dikadekkeun ka bapa-maling, noe dikadek anggoer imoet, malah tambah mëpanas, Toeban-Toeban maneh leuwih hade taloek, batan ka aing ngalawan, sabab maneh móal mahi.

244. Radja Toeban beuki panas, mitjeun pëdang, prak nëwëkan koe këris, tapi këris anggoer ngëloek, tjoel këris ganti toembak, bapa-maling ditoembak anggoer mélëdoeg, beak wira-sat Sang Toeban, mani arek hing-hing tjeurik.

245. Pok njaoler bari dareuda, bapa-maling geura malës ka aing, bapa-maling rikat madjoe, Sang Toeban top ditjandak, barang arek ditibanan djimat tjidoeh, ngagëro Sang Radja Toeban, sasambat ka bapa-maling.

246. Adqeh Goesti abdi tobat, moega-moega Goesti maparin hoerip, sim abdi soemēdja taloek, sarta sērah nagara, tetek bēngek saeus i Toeban kahatoer, abdi teu rek ngagadoehan, asal dipaparin hoerip.

247. Pa-maling watireun pisan, Radja Toeban sot dilesot-keun deui, Radja Toeban toeloej soedjoed, ka bapa-maling tea, bapa-maling ka Radja Toeban ngadawoeh, soekoer maneh rek ngawoela, katrima pisan koe kami.

248. Reudjeung oelah robah niat, tētēp-tētēp ngaradjaan nagari, kami rek nēroeskeun lakoe, ngēbatkeun lalampahan, ngalalana neangan moesoeh noe pamoek, Radja Toeban ngawalonan, soemoehoen dawoehan Goesti.

249. Abdi ngiring satimbalan, nanging abdi roemaos djadi wakil, di Toeban roemaos toenggoe, dawoehan Djakasoendang, ehia tapi panēda kami saestoe, Radja oelah asa-asa, sing tētēp tjara sasari.

250. Malah masing tambah-tambah, nja góembira oelah roemaswa wakil, Radja Toeban pok ngawangsoel, moegi hibar gamparan, djisim abdi tiasa toemoet satoehoe, tinja Djakasoendang djēngkar, ngagandeuang woewoeh manis.

10. Dangdanggoela.

251. Djakasoendang anoe djadi maling, ēnggeus miang ti nagara Toeban, bade nēroeskeun lalakon, angkatna ngetan ngidoel, noe didjoegdjoeg ka Madjapait, soegan mēnēr ka dinja, ragragna si moesoeh, sadjadjalan dikotek tak, soeklak-sikloek sēmpat-sēmpit diilari, tapi tatjan kapēndak.

252. Mapaj lēbak njoekang pasir-pasir, lila-lila djol ka pahoemaan, bawah Madjapait keneh, toenda noe njoesoed moesoeh, ganti heula anoe kawarti, di pahoemaan tea, aja hidji lēmboer, nēnggang djaoh ka tatangga, imahna ge ngan saimah taja deui, dēmi noe boga imah.

253. Aki-aki reudjeung nini-nini, taja pisan saoerang batoeria, hēnteu anak hēnteu alo, soemawonna moen intjoe, dēmi ngaran eta teh aki, nēlah Aki Parana, nini ge nja kitoe, Nini Parana nēlahna, pagawean eta nini reudjeung aki, djadi pangēbon Radja.

254. Hidji mangsa Nini reudjeung Aki, tjatjarita rehna ēnggeus lila, teu ngadeuheus ka Sang Katong, tjeuk Aki poē isoek, kami nini soemēdja indit, ngadeuheus ka Sang Radja, hajang soeboeh-soeboeh; nini di dieu ditinggal, masing hade bisi kami ditoe meuting, wantoe djaoh djalanna.

255. Sanggeus peuting Nini reudjeung Aki, reup sarare talibra katjida, lilirna geus wantji kohkol, Aki tjēngkatna roesoeh. bari ngageuingkeun ka Nini, Nini ieu geus beurang, geu-

wat geura njangoe, pibékéleun aing leumpang, Nini Prana prak njangoe djeung naheur tjai, teu lila geus sadia.

256. Aki Prana djeung Nini prak ngopi, sanggeus ngopi ngoeroes babawaan, saroepaning baras-boros, katjang bawang kol waloeh, taleus sampeu hoei koemeli, dina kodja wadahna, pinoeh wani mětoeng, di loehoerna ditoempangan, timběl sangoe békél manehna pribadi, keur dahareun di djalan.

257. Geus sadia toeloej Aki indit, sok ditoenda lampah Aki tea, eukeur leumpang bae djongdjon, tjatoerkeun noe kapoeng-koer, Djakasoendang tea noe maling, oeninga Aki Prana, di imahna soewoeng, eukeur leumpang ka nagara, Djakasoendang toeloej bae malih-warni, djadi Aki Parana.

258. Tjéples pisan teu beda saeutik, dina roepa aděg pangaděgna, 'sora djeung pakean oge, aki Prana maloeloe, tinja toeloej ngetrokan Nini, tjing laan ieu toelak, kami teh teu toeloes, leumpang ngadeuheus ka Radja, ieu kami bět sonjo keneh ka Nini, moal téroes ajeuna.

259. Nini kaget Aki balik deui, sarta gantjang toelakna dilaan, barina djeung ngomong notrot, naha Aki teh atoeh, anoe matak teu toeloes indit, Aki palsoe ngadjawab, noe matak teu toeloes, kami teh bět asa-asa, maras-miris asa deuk manggih balahi, bisi koemaha onam.

260. Tinja Nini toeloej kěrah-kěrih, naheur tjai seg toeloej ngawedang, disodorken ka Aki teh, tjatoerkeun nōe loemakoe, Aki Prana anoe sajakti, barang satěngah djalan, ngarasa teu poegoeh, leuleus lalësoe teu nangan, djeung soemědot pikir hajang balik deui, toeloej ngomong sorangan.

261. Pokna naha mana ieu aing, ngadak-ngadak lalësoe teu nangan, djeung hate soemědot bae, ingět bae ka lěmboer, palangsiang nini teh gěring, lamoen kieu pětana, tong toeloes loemakoe, bisi aja koemaonam, tidinja mah Aki Prana balik deui, ngadjoegdjoeg ka imahna.

262. Barang něpi ka imahna Aki, gěgěroan ka Nini Parana, Nini ieu boeka panto, kami njaba teu toeloes, nini kaget kaliwat saking, pokna saha di loear, ka kami tjoeměloek, djawabna Aki Parana, naha Nini make njasaha ka kami, kami, Aki Parana.

263. Aki palsoe pok ngomong ka Nini, Nini panto oelah rek, diboeka, bisi eta gandarěwo, noe ka Nini tjoeměloek, sabab kami mah ieu geuning, Nini heran pikirna, naha naon atoeh, palangsiang ēnja setan, anoe arek ngarantjana diri aing, ngakoekeun Aki Prana.

264. Da Aki mah ieu geuning sidik, Aki Prana sadjati di loear, hantěm gěgěroan bae, toeloej Nini ngawangsoel, eta maneh soegan mah djoerig, ngakoekeun Aki Prana, ka aing tjoeměloek, moen teu njaho sia setan, Aki Prana deuleu ieu deukeut aing, sia akoe-akoean.



265. Aki Prana sadjati pok deui, naha Nini maneh teh djeung saha, aja di djero imah teh, Nini gantjang ngawangsoel, ieu aing kadoea Aki, moal djeung saha-saha, da aing saoemoer, tara goelēt djeung noe lian, hade goreng ieu teh salaki aing, naha disaha-saha.

266. Aki Prana sewot ngomong bengis, aeh Nini soegan boeroeng sia, kapan aing Ki Prana teh, salaki maneh estoe, Aki palsoe ngomong ka Nini, Nini tong dipertjaja, eta djoerig tangtoe, pan kami Aki Parana, Nini bingoeng naha bēt kakara teuing, manggihan kieu pēta.

267. •Noe di loear Aki noe sadjati, beuki tambah-tambah amarahna, pantona didjēdjēk gēbro, datang ka amboeradoel, soep ka djero moeroe ka Nini, Nini kaget katjida, pikirna ngaran-djoeg, nendjo ka noe datang anjar, sidik pisan taja gesehna saeutik, estoe Aki Parana.

268. Tapi barang nendjo deui Nini, ka noe heula aja di imahna, eta oge hēnteu geseh, Aki Parana estoe, tinja gantjang Nini teh njingkir, soesah milihanana, mana anoe estoe, toeroeg-toeroeg doeana, pada ngakoe ieu aing noe sadjati, Aki Parana ēnja.

269. Pokna Aki Parana sadjati, Nini maneh oelah asa-asa, nja aing salaki maneh, Aki palsoe nja kitoe, pokna Nini sing ati-atj, oelah rek samar-samar, aing noe saestoe, salaki maneh tea mah, ti ngongora salaki maneh nja aing, taja deui noe lian.

270. Toeloej eta doea aki-aki, anoe palsoe djeung noe saēnjana, sewot pek patorong-torong, Nini teh pada ngakoe, bodjo aing teu samar deui, djawabna noe saoerang, bodjo aing estoe, tjek Aki noe saēnjana, hajoh sia bangsat geuwat geura njingkir, ke koe aing ditjatjag.

271. Aki palsoe gantjang nembal bengis, sia anoe koedoe geuwat njingkah, hajoh geura indit hēndjor, ke hoeloe sia boe-boek, lamoen hēnteu ngageuwat njingkir, Aki noe saēnjana, beuki tambah napsoe, gabroeg ngarontok teu tata, gēr galoengan silisered silikeumbing, silipeunggaskéun iga.

272. Tingdoeroegdoeg silisered Aki, djero imah geus awoet-awoetan, batok tjoët geus trak-trek-trok, kadoepak koe noe gēloet, Aki palsoe aki sadjati, tina pada rongkahna, bilik imah roeboeh, noe gēloet bidjil ka loear, di boeroean silisered tjara moending, Aki palsoe diseundak.

273. Ngadoeroegdoeg nēpi kana pasir, Aki palsoe nodjer kana tjadas, ngadērēgdēg malēs njerid, tatangkalan raroebóeh, kadoepakan noe pērang tanding, estoe papak bēdasna, taja anoe poendjoel, lamoen heg harita aja, toekang ngadoe hajam tjara noe kiwari, tangtōe ditaroempangan.

274. Nini Prana gawena moeringis, gila ningal noe pérang tandingan, manehna di djoeroe njempod, pikirna koema atoeh, palangsiang Aki noe jakin, tiwas kasamboet pérang, koe Aki noe palsoe, ah koe aing ajeuna mah, leuwih hade noe pérang arek disapih, sina areureun heula.

275. Ti imahna nini geuwat indit, moro ka noe keur tjampoeh galoengan, barina sosoak ngomong, pokna anoe garéloet, tjing sampean masing areling, éngke areureun heula, kami rek tjetjatoer, geura kieu ajeuna mah, sampean teh kabeh ge salaki kami, kami arek wajahna.

276. Kadjeun teuing awewe ge kami, njandoeng boga salaki doeaaan, batan tiwas mah maraneh, tinja noe pérang tjampoeh, ngagaroegoe ka omong Nini, eureun galoenganana, gek pada darioek, toenda noe keur eureun pérang, tjatoer deui Rahaden Koeda Pangrawit, noe keur ngantos raina.

277. Pok ngandika Den Koeda Pangrawit, ka raina Den Djajaséntika, rai naha kakang maneh, geus lila tatjan tjoendoek, palangsiang si bapa-maling, koe kakangna teu beunang, wantoe maling pamoek, barangna eukeur goenéman, Den Oedara ka dinja torodjol soemping, bidjilna ti noe bala.

11. Midjil.

278. Raden Koeda Pangrawit ningali, jen raina geus djol, aja di pajoeneunana bae, soeka manah kaliwat saking, lahir Den Pangrawit, rai bagja tjoendoek.

279. Raden Djajaséntika ge sami, manahna teh atoh, sa-saoeran bari loemah-lameh, rai kakang hatoeran soemping, naha lami teuing, kakang njoesoel moesoeh.

280. Den Pangrawit pok ngandika deui, ka rai marios, eh kang rai koemaha maling teh, kenging atawana teu kenging? Den Oedara gasik, ka raka ngawangsoel.

281. Kaoelanoen pérkawis pa-maling, koe abdi kasondong, malah koengsi abdi pérang rame, nanging barang keur pérang tanding, dongkap angin tarik, nébak anoe géloet.

282. Djisim abdi rawoeh bapa-maling, pada tinglaleong, kababawa koe angin tarik teh, angin njapih noe pérang tanding, ajeuna ge abdi, keur neangan moesoeh.

283. Saréng deui teu ngintén saeutik, baris ka dieu djol, ajeuna mah emoetan abdi teh, hal pérkawis poen bapa-maling, kasanggakeun deui, ka raka koelanoen.

284. Den Pangrawit ngadjawab ka rai, nja teu naon-naon, hajoe oerang tareangan bae, sabab mjal boeroeng kapanggih, tinja bréng arindit, nareangan moesoeh.

285. Mapaj lèbak njoekang pasir-pasir, teu dila djog andjog, ka lémboerna Aki Parana teh, Nini ningal ka noe saroemping, satria garinding, kageteun kalangkoeng.

286. Tjek Pangrawit sampoerasoen Nini, koela nēda ngaso, djawab Nini: kaoelanoen rampes, gek tjaralik di tēpas Nini, Nini ge gek deui, mēdēkan ti pajoen.

287. Nini ngomong teu antara deui, pokna doeh Sang Sinom, ieu Nini eukeur soesah gēde, asalna teh gadoeh salaki, Nini ti leuleutik, ngan hidji koelanoen.

288. Bēt ajeuna aheng liwat saking, pikir Nini helok, djadi doeа roepana teu geseh, mani soesah teu bisa milih, mana anoe jakin, salaki saestoe.

289. Eta geuning soemangga tingali, doeana da joko, barang koe Den Pangrawit direret, bēnēr pisan saomong Nini, doeа aki-aki, sarimbag sapatoet.

290. Nanging Koeda Pangrawit geus soerti, manahna teu helok, kaoeninga sapangreretan ge, eta aki anoe sahidji, sidik bapa-maling, Raden pok ngadawoeh.

291. Tjing koemaha pikarēpeun Nini, ka koela geura pok, hatoer nini hēnteu aja sanes, pangnoedoehkeun salaki abdi, moal sae teuing, nini-nini njandoeng.

292. Dawoeh Raden lamoen kitoe nini, gampang moal helok, koela bisa noedoehkeun noe toelen, geura nini los njokot kēndi, noe dieusi tjai, sarta rada pinoeh.

293. Goera-giroe Nini njokot kēndi, kana djēro kobong, sarta geuwat disanggakeun bae, ka Rahaden Koeda Pangrawit, dawoehan Pangrawit, hiap boeroe-boeroe.

294. Sanggeus Raden njandak eta kēndi, pok ngandika alon, ka aki-aki noe keur ngarendeng, tjoba-tjoba maraneh aki, moen anoe sadjati, Aki Prana estoe.

295. Tangtoe bisa asoep kana kēndi, tjikiboeng di djēro, aki palsoe ēnggeus seuri bae, da sanggoep asoep ka djro kēndi, dēmi aki jakin, geus moeroekoesoenoe.

296. Hēnteu bisa asoep ka djro kēndi, aki aha-oho, biwirna geus rada lēwa-lēwe, aki toelen sēmoe rek tjeurik, ngingētkeun ka Nini, tangtoe bakal lapoer.

297. Den Pangrawit pok ngandika deui, geura asoep hajoh, saha-saha antara maraneh, bisa asoep ka djēro kēndi, eta teh geus sidik, Aki anoe estoe.

298. Anoe palsoe meunang hoekoem nagri, kaasoep ngabadog, nganiaja ka djalma noe sedjen, sabalikna anoe binangkit, eta anoe jakin, Aki Prana estoe.

299. Aki palsoe gantjang bae indit, barina pok ngomong, itoe diah Nini tjek aing ge, eta Aki noe njiliwoeri, ajeuna kaboehti, sia Aki palsoe.

300. Sia tangtoe dihoekoem koe nagri, sabab sia rampog, arek ngiwat ka bodjo aing teh, geura ieu tendjokeun aing, asoep kana kēndi, da aing noe estoe.

301. Aki palsoe asoep ka djro kendi, tjikiboeng di djero, roepana teh sénang-sénang bae, gantjang Raden Koeda Pangrawit, moeroe kana kendi, liangna ditoetoep.

302. Aki palsoe dina djero kendi, kotjeak ngagéro, totobatan mani seep-seep, adoeh rai Koeda Pangrawit, tobat kakang rai, akang sédja taloek.

303. Néda bidjil tina djero kendi, pek kakang barogod, sarta geura pek sanggakeun bae, ka Sang Ratoe di Madjapait, akang moal moengkir, sanadjan digantoeng.

304. Sabab dosa akang péribadi, lanjap ka Sang Katong, tidinja mah liangna kendi teh, koe Pangrawit, diboeka deui, bapa maling bidjil, toer geus salin patoet.

305. Enggeus djadi sinatria deui, gandang tambah anom, anoe nendjo kabeh pada kaget, gantjangna koe Koeda Pangrawit, eta bapa-maling, geus rét ditambaloeng.

306. Sarta hënteu dilamikeun deui, sanggeus diborogod, koe Pangrawit disanggakeun bae, ka Sang Ratoe di Madjapait, démi Aki Nini, tétěp sakapoengkoer.

12. Pangkoer.

307. Raden Djakasoendangmoelja, diiringkeun koe Den Koeda Pangrawit, Raden Oedara teu kantoen, kitoe deui Sëntika, ngiring raka pada ngaritjlik ti poengkoer, sadjadjan Djakasoendang, teu pétot-pétot ngalahir.

308. Ka Koeda Pangrawit tea, ari pokna rai Koeda Pangrawit, ieu kakang aja loepoet, njaloentang ka Sang Radja, tapina doesoen moen akang dihoekoem, kang rai masing përtjaja, ka omong si bapa-maling.

309. Gorgar bae sadjadjan, Djakasoendang reudjeung Koeda Pangrawit, taja pisan rioek-rioek, tina taja pégatna, tjatjarita sadjadjan pada batoer, nadjan djaoeh teu karasa, tjatoer geus djol ka nagari.

310. Kabénéran Sri Mah Radja, mangsa eta linggih di pantjaniti, ponggawa hempak di pajoen, Koeda Pangrawit dongkap, ngagiringkeun babandan satria sëgoet, gandang teu aja karempan, barang djol ge pok ngalahir.

311. Goesti, Goesti, ieu dongkap, djisim abdi noe djadi bapa maling, Poen Djakasoendang koelanoen, mangga geura hoekoe-man, moal moengkir gantoeng tinggi boeang djaoeh, da dosa abdi sorangan, njaloentang ka Dampal Goesti.

312. Sang Radja kaget manahna, pok ngandika ka eta bapa maling, dawoehanana Sang Ratoe, eh maneh Djakasoendang, naon sabab pangwani milampah kitoe, tjampélak ngoenghak djapakan, nganista ka diri kami.

313. Djakasoendang pok oendjoekan, tatag pisan sémoe taja karisi, pioendjoekna noen soemoehoen, lérés pisan dawoehan,

tatapina sim abdi pangwantoen kitoe, teu pisan sēdja hianat, ka salira Dampal Goesti.

314. Moeng tina kalintang tjoea, poetra Goesti Poetri Kantjanawati, ditikah koe noe teu patoet, roepana djiga boeta, awak gēde ngadioengkiring djangkoeng loehoer, ēnja oge djadi Radja, teu pantēs keur mantoe Goesti.

315. Toeroeg-toeroeg teu saadat, beuki oraj beuki kadal djeung beurit, soegri sato gēde lēmboet, koe manehna dihakan, kitoe deui di Madjapait koelanoen, gamparan teu kakirangan, koe praradja prabopati.

316. Spemawonna prasatria, seueur pisan noe pantēs mantoe Goesti, samalah ieu koelanoen, pipotraan gamparan, Ki Pangrawit pantēs moen dipoloeng mantoe, Dampal Goesti moal ningnang, abdi-abdi kitoe deui.

317. Toer sami tēdak gamparan, sarta kasep ngadjodo djeung noe geulis, tēgēs noeroeb-tjoepoe estoe, moal aja tjangtjala, sapandjangna hamo pabentar pagētroek, tangtos sami sihan, wantoe sanes djeung noe lain.

318. Radja ngahoelēng manahna, ngadangoekeun tjatoerna bapa-maling, kamanah jen bēnēr estoe, ladjēng mindo ngandika, Djakasoendang bēnēr tjarek maneh kitoe, kami ge aja pikiran, ka eta Koeda Pangrawit.

319. Tapi kami teh salēmpang, lamoen Ratoe Balangbangan ditampik, wande manehna ngaroeroeg, Madjapait diroeksak, wantoe eta Radja geus kasohor poendjoel, digdjaja gagah pērkosa, sakti manggoelang-manggoeling.

320. Tah eta kitoe sababna, anoe matak koe kami teh ditampi, kami teh sieun diroeroeg, Djakasoendang oendjoekan, djadi Goesti risi koe pasal sakitoe, ieu Goesti Djakasoendang, noe wani ngalawan djoerit.

321. Nēmpoeh Radja Djakaswaja, djisim abdi ajeuna sēdja pamit, sorangan bade ngaroeroeg, dawoehan Sri Mah Radja, soekoer pisan Djakasoendang lamoen kitoe, ēngke sanggeus Balangbangan, koe maneh diboerak-barik.

322. Koeda Pangrawit kakara, ditikahkeun koe kami ka Nji Poetri, Djakasoendang mindo matoer, Goesti oendjoek soemangga, djisim abdi ajeuna pamitan moendoer, rek mērangan Balangbangan, kēbat Djakasoendang indit.

323. Salosna Den Djakasoendang, Den Oedara moendjoeng ka Sri Narpati, Raden Sēntika teu kantoen, moendjoengan ka Sang Radja, tinja Radja ka Den Pangrawit ngadawoeh, eh Pangrawit eta saha, tatamoe satria ginding.

324. Koeda Pangrawit oendjoekan, dawoeh Goesti eta poen adi adi, ti Pasoeroean koelanoen, noe agēng poen Oedara, ieu Djajasēntika wasta noe boengsoe, Sang Radja barang oeninga, ngadēg djēngkar tina korsi.

325. Moeroe ka doeä satria, bari njaoer doeh koetan alo aing, bagea maraneh agoes, Oedara djeung Sëntika, doeana dioesapan koe Sang Ratoe, sarta teu pëtot ngandika, tina sono liwat saking.

326. Dawoehanana Sang Radja, eh Oedara djeung Sëntika anakking, maraneh ka dieu tjoendoek, aing atoh katjida, moega-moega maraneh sing toeloej matoeh, di dieu barëng djeung mamang, montong rek baralik deui.

327. Raden Oedara oendjoekan, dawoeh Goesti sim abdi së-dja ngiring, kana timbalan koelanoen, malahan ti awalna, koe sim abdi taja deui noe dimaksoed, moeng bade koemoerëb pisan, ka palënggah Dampal Goesti.

328. Ngadawoeh deui Sang Radja, soekoer pisan lamoen kitoe anakking; sok toenda heula Sang Ratoe, sarawoeh para poetra, oerang tjatoer deui anoe keur ngaroeroeg, Raden Djakasoendangmoelja, anoe pada nganti-nganti.

13. Kinanti.

329. Raden Djakasoendang pamoek, anoe rek ngaroeroeg djoerit, ka Sang Ratoe Balangongan, angkatna mani ngadidig, wantoening lalanang 'djagat, taja kagila kagimir.

330. Djaeoeh ge geus tjëloek-tjëloek, Djakaswaja ieu aing, geura papagkeun koe sia, sok djeung aing përang tanding, moen enja kasohor gagah, hajoh ajeuna djeung aing.

331. Tina angkatna ngadoedoed, hajang geura-geura nëpi, ka nagara Balangongan, di djalanna ge teu lami, rongheap Den Djakasoendang, ka Balangongan geus soemping.

332. Njondong Ratoe keur bërhimpoen, katoet praponggawa mantri, Arja, Dëmang, Kandoeroean, Djaksa përdata, Papatih, Djendral, Leknan djeung Adjidan, Sarsan, Kopral paladjoerit.

333. Djaba ti noe geus ka sëboet, aja doeä Senapati, andëlan deudeul nagara, tameng dadana Sang Adji, kapëtëngan Balangongan, noe kasohor gagah sakti.

334. Tjalikna gedengeun Ratoe, salawasna tara tëbih, dëmi maksoedna himpoenan, kërsana Ratoe badami, moepakat pasal rendengan, geus lami teu aja warti.

335. Dawoehanana Sang Ratoe, he sakabeh balad kami, tjoba' ajeuna koemaha, pikir maraneh noe pasti, reh geus sakieu heubeulna, ti nagara Madjapait.

336. Taja bedja kieu kitoe, përkarana bapa-maling, koe hal eta pikir koela, moen rëmpoeg djeung para mantri, hajoe bae oerang iang, ka nagara Madjapait.

337. Kadjeun toetoenggon di ditoe, aja hënteu hese deui, dimana simaling beunang, koela bisa gañtjang kawin, djeung deui maksoed kaoela, èngke oepama geus kawin.



338. Baris teroes matoeh ditoe, ngaratoean Madjapait, ngaganti ka kangdjeng rama, ka dieu 'mo balik deui, ari nagri Balangongan, rek diselehkeun ka Patih.

339. Barang keur goeneman kitoe, kasaroe aja noe soempong, Raden Djakasoendang tea, oetoesan ti Madjapait, rek noempes ka Balangongan, tjlegedeg gek kana korsi.

340. Kaget manahna Sang Ratoe, baladna pon kitoe deui, aja djalma kitoe peta, wani garadag-giridig, torodjog tanpa larapan, taja tata taja titi.

331. Radja Balangongan njaoer, e-e-e bët sia iblis, soeroep teuing ka roepana, taja pisan tata-titi, oerang mana sia setan, datang ka pajoenan aing.

342. Gantawang semah ngawangsoel, hahaok djeung moeril koe mis, ngareuhak tara ditinggal, pokna deuleu ieu aing, anoe ngaran Djakasoendang, oetoesan ti Madjapait.

343. Djakaswaja bëndoe tjampoer, djeung rada atoh saeutik, reh njëboet-njëboet oetoesan, ti nagara Madjapait, terkana manehanana, wande ngagantjangkeun kawin.

344. Ia-ia rama titoe, meureun ngagantjangkeun aing, aing koedoe geuwat datang, ka nagara Madjapait, baris teroes nikah tea, ka noe geulis bene aing.

345. Na koemaha bedjana agoes, hal eta si bapa-maling, koe Pangrawit enggeus beunang? Djakasoendang nembal bëngis, eh bangsat Djakasoewaja, ieu aing bapa-maling.

346. Aing pang ka dieu moeroe, lain rek narikan kawin, ngan rek nilas beuheung sia, hade Nji Poetri dikawin, koe tangkoerak sia setan, moen geus bëdjad dada aing.

347. Djakaswaja bangët napsoe, tjengkat bari moeril koe mis, boeloe dadana koemérab, awak ngagëtér ngagidir, lambéjna kékérénjédan, bakating kaliwat poesing.

348. Ngadjawabna bari goegoep, e-e-e binatang iblis, i-i-i sia njatjampah, a-a-a ngahina aing, oe-oe-oe ngoetjap gagabah, maroekan aing teh miris.

349. I-i-i tjing deuleu itoe, ē-ē-ē dëleh sing sidik, oe-oe-oe koe mata sia, a-a-a-a balad aing, o-o-o-o loba pisan, a-a aing moal miris.

350. Djakasoendang pok ngawangsoel, pokna teh padoeli teuing, masing sia loba balad, sanadjan mangjoeta-këti, teu gëdag boeloe salambar, aing tjadoe moendoer djoerit.

14. Doerma.

351. Djakaswaja Ratoe Balangongan tea, ngahaok ka pradoerit, hajoh balad-balad, tangkëp eta si setan, podaran sama sakali, dëmi Sang Radja, ngëdjet ka djëro poeri.



352. Wadya-balad goejoer nangkēp Djakasoendang, hajoe batoer pradjoerit, kēpoeng eta bangsat, brēg balad madjoe ram-pak, ti hareup reudjeung ti gigir, poegoeh ti toekang, wani geus heurin oesik.

353. Anoe ngadek anoe nēwēk anoe noembak, aja noe koe gēgēndir, tandang Djakasoendang, nēmpoeh ka balad-balad, koe sepak tondjok tampiling, reudjeung koe reuhak, soeksēk balad marati.

354. Anoe datang salaksa ti toekang rēbah, sakēti hēnteu kari, mani patoelajah, bangke patoempang-toempang, tandangna wadya pradjoerit, taja noe koeat, teu lila boerak-barik.

355. Anoe hiroep paboerisat laloempatan, kabōer 'ka manamēnai, barina sasambat, ka Ratoe Balangbangan, Goesti tiwas balad Goesti, sadaja roeksak, teu kiat ka si Iblis.

356. Tinja Kopral noeloengan balad-baladna, madjoe ngalawan djoerit, nēwēkan ngadekan, neuggeulan djeung noembakan, Djakasoendang hēnteu gimir, Kopral ditjandak, ditjidoehan ngagoeling.

357. Sarsan nendjo Kopralna ēnggeus ngadjoprak, sirindil madjoe wani, djol habēk nēwēkan, sanggeus wēleh nēwēkan, ngadekan koe pēdang tamsir, toeloej koe toembak, ganti deui koe sēkin.

358. Hidji roepa pakarang taja noe teurak, Sarsan mani rek tjeurik, malēs Djakasoendang, Sarsan teh kēk ditewak, kētjrot ditjidoehan goeling, Sarsan ngadjopak, Adjidan geus njirindil.

359. Hēnteu tata Adjidan djol habēk mēdang, wēleh mēdang diganti, koe kēris nēwēkan, wēleh kēris top toembak, tapi pakarang sahidji, taja noe makan, moesoehna malēs deui.

360. Top ditewak Adjidan koe Djakasoendang, ditinggang reuhak matih, Adjidan ngadjopak, kokosodan 'na lēmah, Toeān Leknan geus tingali, Adjidan tiwas, geuwat naradjang wani.

361. Toeān Leknan datangna geus taja tata, pēdang diboebat-babit, sanggeus tjape mēdang, ganti deui koe toembak, tjape noembak ganti kēris, hantēm nēwēkan, taja noe teurak hidji.

362. Djakasoendang pek malēs ka Toeān Leknan, koe reuhak oe matih, Leknan hēnteu tahan, ditinggang djimat reuhak, barang tjrot Leknan ngagoeling, gogolepakan, teu lila toeloej mati.

363. Kaoeninga koe Djendral jen Leknan tiwas, Djendral naradjang wani, pēdangna geus ngabar, djol habēk-habēk mēdang, kēsēl mēdang ganti kēris, geus kitoe toembak, ti dinja ganti sēkin.

364. Tapi hidji pakarang taja noe mēntal, Djendral kaliwat poesing, njēntor ka lawanna, pek malēs sia setan, Djakasoendang nembal bēngis, geus tangtoe pisan, rek malēs diri aing.

365. Djakasoendang rikat pisan newak Djendral, teroes di-boebat-babit, tinja ditibanan, koe djimat gēlap-ampar, Djendral roeboeh ngadjoempalik, toeloej paragat, Kapētēngan ningali.

366. Kapētēngan doeana madjoe rampak, pada mawa gē-gēndir, boekbēk nareunggeulan, Djakasoendang teu obah, di-teunggeulan koe gēgēndir, koe kapētēngan, gēgēndir loeng dibanting.

367. Tinja toeloej barēng pada mēsat pēdang, bak-bik-boek mēdang tarik, geus tjape mēdangan, pek diganti koe toembak, tjape noembak ganti deui, koe kēris djimat, tapi taja noe matih.

368. Hidji roepa pakarang taja noe tēdas, Kapētēngan ngawiwiw, bakating keuheulna, bari lēboer njarekan, bangka-warah sia djoerig, bēt koeat pisan, aing kakara manggih.

369. Deuleu aing pērang teh geus mindēng pisan, kamari ajā hidji, begal kolot pisan, boeoekna mani bodas, teu boeroeng eleh koe aing, na ari sia, bēt koeat-koeat teuing.

370. Tjoba hajoh geura malēs sia setan, doeana dirampid, koe Den Djakasoendang, teroes diadoe-koembang, ditjidoehan ngadjoempalik, Mas kapētēngan, patoendjang-toendjang mati.

371. Raden Patih ningali ka kapētēngan, koe moesoeh geus ngagoeling, kodjengkang naradjang, bari beak njarekan, bangka-warah sia djoerig, ngaroeksak pisan, nja koedoe reudjeung aing.

372. Hajoe sia djeung aing pērang tandingan, sia mo boeroeng mati, Djakasoendang nembal, mati tjek bangoes sia, pek naon karēp ka aing, rek ditadahan, Patih gamplēng nampiling.

373. Doea kali tiloe kali nampilingna, koper leungeunna Patih, moendoer arek loempat, ngan Djakasoendang awas, kēk ditjēkēl Raden Patih, tjrot ditjidoehan, gēboet roeboeh ka boemi.

374. Kokosodan bari sasambat ka Radja, Goesti tiwas sim abdi, Ratoe Balangongan, ngadangoe noe sasambat, sidik sora Raden Patih, gantjang ka loear, sadia prabot djoerit.

375. Sarta bari moeroe naradjang ka lawan, Djakasoendang ningali, jen Djakasoewaja, geus datang madjoe pērang, haok andjeunna ngalahir, Djakasoewaja, geuwat sia teh iblis.

376. Enggeus kēsēl aing ngarēp-ngarēp sia, bēt kakara poen-tjēngis, Radja Balangongan, ambēk teu kira-kira, ngadjawab kaliwat bēngis, eh sia bangsat, montong njatjapek teuing.

377. Pek tampanan lamoen estoe sia gagah, ieu panggada aing, bēk Radja ngagada, sorana ngabēlēdag, bawaning ngagada tarik, tapi lawanna, teu pisan owah gingsir.

378. Djakaswaja kageteun teu kira-kira, toeloej ngalahir deui, e-e si binatang, a-a-a njata koeat, pek tampanan kēris aing, ieu poesaka, toeroenan aki aing.

379. Kētjos kēris ditēwēkkeun ka moesoehna, kēris teh anggoer ngēlik, ti batan teurak mah, Djakaswaja serseran, pikirna geus mangsar-mingsir, oendoer-oendoeran, bērēbēt loempat tarik.

• 380. Mani birēt bawaning tarik loempatna, Derf Djakasoendang poesing, barabat dioedag, njoempoet hantēm disaksrak, toengtoengna djol ka basisir, Djakasoewaja, ngahoelēng di basisir.

381. Loeak-lieuk soesah ka mana nja ngēdjat, reh kapēgat koe tjai, hēnteu koengsi lila, noe ngoedag teh djol datang, Djakaswaja meh katēpi, koe Djakasoendang, geuwat njēmploeng ka tjai.

382. Tēroes moeboes kana dasaring sagara, teu bisa bidjil deui, sababna disapa, koe Raden Djakasoendang, tēroes matoeh dasar tjai, ngadjadi Adjar, dina oedjaring warti.

383. Eta Adjar, Adjar Pamēngēr nēlahna, sarta ēngke di ahir, ēnja Adjar eta, ramana Menak-Djingga, Radja noe kasohor sakti, di Balangongan, kitoe oedjaring warti.

384. Kotjap deui Raden Djakasoendang tea, sanggeus moesoehna leungit, asoep ka sagara, ladjēng andjeunna moelang, ka ragara Madjapait, djeung beuki gandang, beuki nambahan manis.

15. Dangdanggoela.

385. Djakasoendang ajeuna geus moelih, tas mērangan Ratoe Balangongan, di djalanna teu katjrios, djaoeh mo boeroeng tjoendoek, nadjan anggang mo boeroeng nēpi, gantjangkeun tjaritana, ajeuna geus tjoendoek, ka Madjapait nagara, sarta njampak Sang Ratoe di Madjapait, eukeur rame goenēman.

386. Njarioskeun noe ngaroeroeg djoerit, Raden Djakasoendangmoelja tea, geus heubeul tatjan geura djol, koema' bedjana atoeh, boa Djakasoendang noē sisip, wantoe Djakasoewaja, Ratoe gagah poendjoel, keur kitoe torodjol dongkap, Djakasoendang bari tjoemēloek ka Goesti, Goesti sim abdi dongkap.

387. Hibar Goesti abdi pērang kenging, Balangongan nagarana bēdah, Ratoena oge ngaleos, asoep ka djēro laoet, tapi Goesti oelah kawatir, koe sim abdi disiksa, saoemoerna hiroep, tētēp di dasar sagara, moal bisa bidjil ti dasaring tjai, nēpi kana adjalna.

388. Ratoe Madjapait soeka galih, ngadangoekeun tjatoer Djakasoendang, dawoehanana Sang Katong, eñ Djakasoendang agoes, kami noehoen kaliwat saking, ka pitoeloeng andika, noe gēde kalangkoeng, moega-moega noe kawasa, ka andika salawasna mik-asih, ngagandjar kamoeljaan.

389. Sarta hajoe ajeuna Pangrawit, oerang sina tēroes nikah tea, noeroet sakahajang maneh, hidēp noe koedoe ngoeroes, kitoe deui Koeda Sembagi, bidjilkeun ti pandjara, siksana geus poetoes, Pangrawit sadjaba nikah, oerang tēroes djadikeun radja sakali, Oedara Papatihna.

390. Pek ajeuna geura tjawis-tjawis, tjara adat koemaha



biasa, sakadar pesta noe rame, tinja pada pakēpoek, praponggawa djeung para mantri, ngajakeun karasmenan, tatabeuhan poegoeh, reog boentjis kēndang-pēntja, angkloeng badoed sarta rea-rea deui, geus koempoel sadajana.

391. Keur hēlaranana geus sajagi, djoli make diroepakeun naga, boeboeronan kabeh djogo, badawangna djarangkoeng, iroeng mantjoeng mata boentjēlik, matak gila katjida, bleg boeta maloeloe, dēmi sadjaba ti dinja, momonjetan mamaoengan reudjeung sapi, geus poegoeh bangbarongan.

392. Praprijaji bangsa noe laleutik, pada miloe djadi boeboeronan, sami garéntos panganggo, anoe dibadjoe kadoet, oedēng kadoet geus poegoeh samping, raraj dikarēdokan, atawa dibaloer, koe noe hideung reudjeung bodas, make koemis koe boeoek mani ngadjēdig, hingga salin roepana.

393. Aja oge noe sapalih deui, make daoen tangkal hahahaan, badjoe samping djeung totopong, koe daoen eta woengkoel, noe sawareh koe karoeng goni, sawareh sésébitan, atawa koe kartoe, roepa-roepa pamolahna, aja oge anoe niroe oerang kēling, atawa tjitjinaan.

394. Djalan-djalan di djēro nagari, sapandjangna ditarébētekan, dipasēlangkeun djeung klebet, tjatoer nēpi ka waktoe, sa'at aloes ninggang moestari, iring-iringan mangkat, mariém djoe-mēgoer, gēr soerak ajeuh-ajeuhan, djalma-djalma noe nongton geus heurin oesik, mani sésék di djalan.

395. Noe laladjo pada hajang sidik, ka panganten dina loehoer naga, ngarendeng geulis djeung kasep, aja noe silitoemboek, silisered djeung silikeumbing, kotjap anoe hēlaran, teu lila geus toetoep, arasoep ka djēro poera, pangantenna pamēgēt sarawoeh istri, geus tjalik doeana.

396. Ti gigirna disarib prabibi, ti toekangna hempak para ēmban, ngabaris beres marando, ti pajoen rama iboe, rawoeh para ponggawa mantri, pangaten dirapalan, koe Raden Pangaeloe, sanggeus toetas dirapalan, djoeng panganten pamēgēt sarawoeh istri, moendjoeng ka iboe rama.

397. Sanggeus moendjoeng ladjēng tjalik deui, tinja Radja ngadēg tengah-tengah, ngandika tatag pērlente, dawoohan Sri Mah Ratoe, he sakabeh ponggawa mantri. Ki Pangrawit ajeuna, koe kami didjoengdjoeng, djadi Radja mangkoe pradja, ganti kami di nagara Madjapait, Poetri Prameswarina.

398. Koe hal eta abdi-abdi kami, gēde leutik kolot sarta ngora, saeus Madjapait teh, moega pada saroedjoed, goemoesti sing tjara ka kami, poma rek pindah tintjak, moen aja noe kitoe, kami pilawaneunana, pioendjoekna abdi-abdi gēde leutik, Goesti oendjoek soemangga.

399. Pasēmoean abdi Madjapait, rēmpoeg-djoekoeng pada misaroeka, ka Ratoena noe anjar teh, rehna toenggal sapoepoe,

djeung Sang Ratoe anoe diganti, tinja para ponggawa, broel pada maroendjoeng, ka Sang Ratoe anjar tea, leumpang gesor parele hēnteu pahili, ti noe loehoer ka handap.

400. Sanggeus poetoes moendjoeng para mantri, Radja sēpoeh pok deui ngandika, ka abdi-abdi sakabeh, dawoehma Sri Mah Ratoe, he sakabeh abdi noe hadlir, ieu Raden Oedara, koe kami didjoengdjoeng, didjadikeun papatihna, noe ngaraksa rat sadjagat Madjapait, nanggoeng pait peuheurna.

401. Djeung koe kami ieu Raden Patih, dipaparin pigarwaeunana, nja ka anak kami keneh, adina Njai Rafoe, harita ge Rahaden Patih, troes bae dirapalan, koe Raden Pangaeloe, kotjap nikahkeun geus toetas, ngadjénengkeun Ratoe Patih geus lastari, ladjēng hadjat sidékah.

402. Njalamētkeun walimah Sang Adji, kitoe deui walimah Patihna, doeaa ponggawa hadjat teh, noe saponggawa woengkēl, reh Pangrawit ngasta Boepati, Oedara papatihna, sangkan pada loeloes, djaoeoh ti pantja-bajana, dianggangkeun tina soegrining balai, pandjang-poendjoeng djénengna.

403. Dēmi eta Den Koeda Sembagi, ditétēpkeun koe Sri Maha Radja, koedoe matoeh di kadaton, kanggo djadi sésépoeh, Den Sēntika kērsa Sang Adji, kēdah di kapatihan, minangka sésépoeh, ngabantoe-bantoe rakana, katjarita Sēntika reudjeung Sembagi, geus tētēp sewang-sewang.

404. Radja sēpoeh kakotjapkeun deui, sanggeus toetas pasrahanana, ka mantoe Sang Praboe Anom, ladjēng mios ka goenoeng, kērsa tapa mērsihan diri, niron lampah rakana, Maha Rēsi Loehoeng, Adjar Gembong Pasoeroean, nja ramana Rahaden Koeda Pangrawit, noe geus djoemēnēng Radja.

405. Djakasoendang katjatoerkeun deui, ēnggeus mios moelih ka patapan, tēmpatna Pandita kahot, kapoengkoer geus katjatoer, Sang Pandita Bandjaransari, ramana Djakasoendang, Djakasoendang toeloej, tatapa niron ramana, noe dioedag pētingkah moeljaning pati, sangkan teu kasamaran.

16. Asmarandana.

406. Tjatoer deui Sang Pangrawit, noe ēnggeus djoemēnēng Radja, di nagri Madjapait teh, tjēpētna teu kira-kira, toer adil palamarta, abdi loeloes rēmpoeg goejoeb, djēmpe taja patjogregan.

407. Sēpi anoe djadi paling, langka djalma noe ngabangsat, soemawonna begal rampog, nagara tambah rahardja, leuwih batan tadina, toer djeung garwa loeloes roentoet, siliasi sa-pandjangna.

408. Sapapait samamanis, sakarēsēp sakatjoea, ninggang tja-toer paripaos, ka darat djadi salēbak, ka tjai tangtoe pisan, djadi saleuwi ngagoendoek, tēgēs satindak sarengkak.



409. Prameswarina binangkit, jasa pisan koemawoela, adép hidép ka tjaroge, abong téroesing koesoemah, tambah dina manahna, taja deui noe ditoenggoe, ti djaman moerangkalihna.

410. Kadjaba Koeda Pangrawit, koe andjeunna noe digadang, baris pipanoetaneun teh, ajeuna énggeus laksana, atoeh beuki katjida, inggis sieun teu panoedjoe, koe raka hénteu kamah.

411. Pangrawit nja kitoe deui, asihna taja hinggana, dapoe goeh lain noe sedjen, noe diiléng koe andjeunna, ti waktoe keur alitna, ajeuna kaoentoen tipoeng, katambang beas kërsana.

412. • Katjatoer barang geus lami, andjeunna njépëng kardjan, dipasihan koe Jang Manon, poetra istri geulis pisan, tjahja hoeroeng goemébjar, loetjoena toeroen ti iboe, endahna ngalap ti rama.

• 413. Estoe geulis pilih tanding, taja noe bisa madanan, bangsa santana mah komo, kana kageulisanana, eta poetra Sang Radja, djénéngan Kantjana Woengoe, katjatoer mangsana babar.

414. Santenna eta Nji Poetri, dipalidkeun ka sagara, katoet parabotna kabeh, hinis oeroet p'motongna, koneng toetoep oedélna, kabeh kapalidkeun katoet, baréng djeung santenna tea.

415. Di sagara beh kapanggih, koe Adjar Paméngér tea, noe bareto geus katjrios, Sang Ratoe ti Balangbangan, gantjang santéh ditjandak, hinis koneng teu kalaroeng, ditjipta ngadjadi djalma.

416. Sëgoet panggoeh birigidig, njeta Menak Djingga tea, dëmi hinisna djeung koneng, ditjipta salin djinisna, hinis ngadjadi pédang, koneng djadi beusi aloes, djadi wësi koening tea.

417. Djimat gagah reudjeung sakti, njimpënnna dina mastaka, éngkena Menak Djingga teh, ngaradja di Balangbangan, djadi ganti ramana, kitoe oedjaring pitoetoer, papakém tjarita dalang.

418. Kotjap deui Raden Patih, raina Sang Radja tea, tjépët énggon ngolah gawe, kawadjiban kapatihan, taja tjélaeunana, koe Ratoe dipikaloetjoe, koe abdina dipisoeka.

419. Raden Oedara papatih, sami digandjar noegrapha, koe Goesti Allah Jang Manon, kagoengan sahidji poetra, pamégët toer binékas, djénénganana kamashoer, nélah Raden Damarwoelan.

420. Damarwoelan ke di ahir, bakal njépëng karadjaan, nja di Madjapait keneh, nampa poesaka oeana, sarta bakal migarwa, Nji Poetri Kantjana Woengoe, saderek misan andjeunna.

421. Tapi samemehna lahir, eta Raden Damarwoelan, koe rama ditilar mios, mëdal lolos ti nagara, kërsana teh tatapa, palaj djadi Adjar loéhoeng, noemoetkeun péta ramana.

422. Kaina anoe ngaganti, Den Djajaséntika tea, nélahna

Patih Logénder, kitoe tjariosanana, dina papakém dalang, noe ngarang neda diampoen, bilih aja soelajana.

423. Bilih langkoeng nja pamoedji, atawa salah ngahina, noe hade diséboet goreng, kajaning noe estoe gagah, diséboet hénteu gagah, noe hina diagoeeng-agoeng, noe moelja dihinahina.

424. Noe bénér digoerit sisip, noe salah dikarang njata, da hénteu térang pribados, sakadar noeroetkeun bedja, tjaritana ki dalang; noe ngarang di hidji waktoe, diparéng laladjo wajang.

425. Ngabandoengan ti mimiti, dongkap ka boebaranana, rèsép ngoepingkeun lalakon, barang wajang geus boebaran, djoeng wangsoel lalamoenan, boa moen didangding pajoes, keur panglipoer-lipoer manah.

426. Kitoe deui moegi-moegi, aja sihing hampoerana, sadaja noe kërsa maos, ieu wawatjan karangan, bilih kirang prelenfa, basana koesoet teu pajoes, dangdingna djanggal téu lajak.

427. Peupeudjeuh anoe ngadangding, ka noe masih djara-djaka, tégesna noe ngora keneh, ieu di handap ditambah, njoet tat tina tjarita, anoe kaséboet di loehoer, lalakon anoe baheula.

428. Noe baheula taja deui, noe kotjap dina tjarita, ngan gagah djeung sakti bae, reudjeng sadjaba ti dinja, roepaning pamohalan, eta noe saroepa kitoe, moenggoeh koe noe ajeuna mah.

429. Kawas moal dipérdoeli, sabab soesah dipikirna, koema' pangbisa kalakon, bisa sakti reudjeung gagah, da taja tiorina, tégesna teu aja galoe, pangadjaran anoe natrat.

430. Kitoe deui moen dibanding, kasaktian noe baheula, kawas-kawas moal négel, ka djéléma ajeuna mah, sanadjan sagalana, kaja néroes boemi ngapoeng, digdjaja gëde tanaga.

431. Kabédasan noe kiwari, taja babandinganana, lamoen aja naon bae, saroepaning barang-barang, anoe beurat katjida, sahingga reboean pikoe, bisa kabawa sadjalan.

432. Nja eta moen barang tadi, rek dipindahkeun témpatna, ka témpat-témpat noe sedjen, deukerit atawana anggang, sadjalan ge kabawa, toer tara njéboetkeun ripoeh, nadjan djaéhna pos-posan.

433. Djalma anoe bédas tadi, Roe sadaja kaoetara, moal aja noe teu njaho, malah sobat sarerea, sok noeloeng ka noe njaba, nadjan lalakonna djaéhna, tara tjape di djalanna.

434. Dëmi djalma anoe sakti, bisa ngapoeng ngawang-nga-wang, eta tangtoe leuwih aneh, batan noe sakti baheula, ieu mah teu sorangan, bisa mawa batoer poeloe, hampang teu sakara-kara.

435. Aja deui anoe sakti, bisa leungit teu katara, ngan kadenge sora bae, aleu-aleuan tarémbang, ngawih nabeuh gamélan,

ngogel ngangkloeng djeung ngabadoed, nabeuh tandji ngador-doran.

436. Reudjeung loba-loba deui, kasaktian noe ajeuna, toer eta beunang ditiron, koe djéléma anoe lian, asal daek diadjar, toer dipikir anoe estoe, tina dadasaarna heula.

437. Dëmi dasarna mimiti, rësëp matja roepa-roepa, boekoe Kangdjéng Goepérnëmen, damélna para boedjangga, sadia salawasna, disimpënna eta boekoe, di oenggal-oenggal sakola.

438. Tapina maroerangkalih, moen maratja boekoe tea, koedoe dipikir sing hade, lëbah pangadjaranana, boekoe saroepa-roepa, mikirna masing saestoe, datang ka ngarti noe énja.

439. Di mana énggeus kaharti, prak lampahkeun énja-énja, sing kapanggih hasilna teh, oelah matja tjoemah-tjoemah, tah moen kitoe pétana, lila-lila ge kasoesoel, kasaktian noe ajeuna.

440. Noe hajang matja babari, ingindjeum bae ka sakola, da di oenggal sakola ge, boekoena tangtoe sadia, ngan sabenggol njewana, dina hidji-hidji boekoe, anoe lima poeloeh katja.

441. Boekoe noe katjana leuwih, tina lima poeloeh tea, njewana anggér sabenggol, tapi noe katjaanana, ti sakitoe teh koe-rang, njewana sasen geus tangtoe, di djro saboelan lilana.



Perpustakaan Nasional RI



Bajra Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

• No. Buku : F.D.-Kar-W



Perpustakaan Nasional RI



Balai Pustaka

